ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№25 (21.933) ● 2011 гъэм мазаем (февралым) и 12, щэбэт ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомИ 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныжьмкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэІущІэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм щІыщылэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №4-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым и Указ

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныжьмкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэІущІэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэныжьмкІэ зэпымыууэ лажьэ зэзыгъэуІу зэІущІэ кьызэгъэзэщыным тетхуэауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм щІыщылэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №4-УП-мкІэ кьищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн икІи абы хэгъэхъэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Жанджэрий Хь. Хь. - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхухэмкіэ и министерствэм Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым Транспортымкіэ щиІэ управленэм Транспортым щІэныІыІа и линейнэ отделым и унафэщІыр *(эзэгуІыгуэу).*

КІуэкІуэ М. В. - Тэзырхэр егъэпшынымкІэ федеральнэ къудлыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эзэгуІыгуэу).*

Павленкэ И. В. - Урысей Федерацэм и Федеральнэ хъумакІуэ къулыкъущІапІэм Связь хэхамрэ информацэмкІэ и центру Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(эзэгуІыгуэу).*

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мазаем и 4-м
№16-УП

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм республикэм щыпсэуэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэм теухуауэ 2011 гъэм мазаем и 8-м къэпсэлъащ. Абы блэкІа илъэсым кьэрикІуахэр зэпкьрыхауэ кьыщыгъэлъэгъуащ, къэкІуэну лъэхъэнэм кьытпэщыт кьалэн пыухыкІахэр щыуБзыхуащ.

Абы кьыщыгъэлъэгъуа бжыгъэхэмрэ іэыхуэмрэ фІым ухуагъаплъэ. Республикэм зиужьу, япэкІэ кІуатэ зэпыту екІуэкІащ. Социальнэ Іэухуащ Іапіэхэр яухуащ, Іэнатіэщ Іэхэр кьызэІуахащ. Мэкъумэш Іэнатіэм кьыщалэжь продукцэм псынщІэу хэхъуащ. Щыухуэм я результат зэрыгъэфІэкІуэным хуэунэтІауэ яІэмэхэри машІэжьым.

Документым гулъытэ хэха хуещІ зэкІэ дамыгъэкІыфа гугъуехьхэмэ япэ игъэщыпхъэ кьалэнхэмрэ. Къапщтэмэ, кьыхэгъэщхьэхуКІащ инноваци лъабжьэм тет экономикэ фІэкІыпІэ имыІэу зэрызэтегъуэвапхъэр. Япэ игъэщыпхъэ Іуэхуэхэм ящыщу абы кьыщыгъэлъэгъуащ республикэм бгъэдэль гидроэнергетикэ зэфІэкІкІэр къэгъэсэбэпныр, щІым и Іуэхум унафэ тещІыхьакьныр, туристрекреацэ экономикэ щІыналъэ кьызэгъэпщынымрэ.

Президентым Парламентым Зэрызыхуигъазэм кьыщыхэгъэщхьэхуКІащ республикэм исхэм драгъэкІуэкІ идеологие, профилактикэ, хьыбарегъащІэ, гурыгъэІуэныгъэ лэжьыгъэхэр щІэрыщІэу кьызэгъэпэщыжьын икІи абыхэм я фІагъыр кьэЗэтын зэрыхуейр. Хохуэу къэгъэльэгъуащ коррупцэм, дин экстремизмэм, терроризмым еБэныжьмкІэ къэрал властым и органхэм, хабзэхьумэ, хьэрычэт Іэнатіэхэм, жылагъэ Іуэхущ Іапіэхэм, щіыху псоми я зэфІэкІхэр зэщІэгъэуІуапхъэу зэрыщытыр.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым Парламентым Зэрызыхуигъазэм щыубзыхуэ Іуэхуэхэмрэ къаІэнэхэмрэ Жылагъуэ палатэм деІыгъ икІи а къаІэнэхэр гъэзэщІэным зэщІэгъэкъуэнкІэ езым и Іуэху нэхъыщхьэ дыдэу кьелытэ. Палатэм и murадщ лэжьакІуэхэм я жэрдэмым зегъэужьын, абыхэм я Іэщіагъэм хэгъэхъуэн, зыпэрыт Іэнатіэр зехьэныкІэ яхь жэуапыр кьэЗэтын murадкІэ, зэпымыууэ жылагъуэ кІэлъыплъныгъэ иригъэкІуэкІыну.

Палатэр хэхауэ елэжьынущ жылагъуэ кьару псори зэщІэгъэуІуэным. Жылагъуэ палатэм иригъэкІуэкІынущ республикэм кьыщыхъуу псомкІи жэуап зэрихьыр дэтхэнэ зы щыхуми гурыгъэІуэным, ди щІыналъэм мамырыгъэр, зэпІэзэрытыныгъэр, лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр щыгъэбыдэным хузунэтІауэ лэжьэным тезыгъэгушхуэ Іуэхухэр.

● КЪБР-м и Парламентым и Президиумым

КЪБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэІущІэ зэхэтащ. Ар иригъэкІуэкІащ республикэм законкэ кьыдэзыгъэкІ и органым и Унафэщі Чеченов Ануар. Депутатхэр абы щытепсэлъыхьащ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэу пщІым щІигъуэм.

ПРОМЫШЛЕННОСТЬМКІЭ, гъэзэгу хозяйствэмкІэ, транспортымрэ связьмкІэ комитетым и унафэщІ **Мэремыкьуэ Сэфарбий** депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «Транспортым и инфраструктурэу псоми кьагъэсэбэп транспортым папщІэ щыІэхэм щыІэу куэд зыхэт Іуэхуэхэр зэрыщрагъэкІуэкІ щыкІэм теухуауэ законопроектыр. Абы еубзыху щІыхьу куэд зыхэт Іуэхугъуэхэр кьыщызэрагъэпэщым икІи щрагъэкІуэкІым дежь щІыхуэхэм я хуитныныгъэхэр, транспортым и шынагъуэншагъэр, гъэзэгуэхэм тэмэму щызекІуэныр кьызэпымыдыным и лъэныкьуэкІэ КЪБР-м и гъэзэщІакІуэ властым и органхэм, щыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ органхэм, щІыху куэд зыхэт Іуэхугъуэхэр кьызэзыгъэпэщхэмрэ абы кьырихьэлІэхэмрэ яхь жэуапыр, апхуэдэу а Іуэхухэр егъэкІуэкІыным тещІыхьауэ кьагъэсэбэп транспортым хуагъэувыдэр.

КЪБР-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и япэ кьуэдзэ **Кьуэшыпокьуэ Залым** зэрыжиІамкІэ, Манеж утым щекІуэкІа Іуэхухэм я ужьыІэ УФ-м и Президент Медведев Дмитрий кьэралым и субъектхэмрэ зэрыкъэзыІэтхэм законхэр кьыдэзыгъэкІ я органхэмрэ яхуигъэзауэ щІыху куэд кьызэрихьэлІэ зэхъыхьэхэр щрагъэкІуэкІ щыІэхэр яубзыхуну. Абы ипкъ иткІэ, мы законым кьыдэкІуэу, нэгъэщІ закон зыбжанэ кьащтэнущ. Абыхэм яхэтынущ щІыху куэд кьызэрихьэлІэ зэхъыхьэхэр кьыщызэрагъэпэщ мыхьуну щІыпІэхэр зэщубзыху законри икІи ар КЪБР-м и Президентыр хэпІэн папщІэ иратынущ. Апхуэдэ щІыпІэхэр ягъэбелджылыри кьыхальхьаІэ езы муниципальнэ щІыналъэхэм.

«КЪБР-м Административнэ кьуаншагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэхухі» КЪБР-м и законым и проектым теухуауэ кьэпсэльащ Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ комитетым и унафэщІ **Ахъуэхьу Кьанщобий.** Абы зэрыжиІамкІэ, УФ-м и генеральнэ прокуратурэм и щІэныгъэ-чэнджэщэгъу советым законодательствэм хэль зэІумабзыныгъэхэм ятеухуауэ я иригъэкІуэкІа зэІущІэм щыхэпльащ УФ-м и субъектхэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэмрэ я бюджетхэм ехьэлІауэ бюджет законодательствэр кьызэпызыудахэр административнэ жэуапым ешэлІэным пыщІа Іуэхухэм. Хабзэншагъэу кьалъытэнущ бюджет мылькъэ зыхуэхаха мурадым пымыщІауэ кьызэрагъэсэбэпыр, бюджетым Іэрыльхэжьын хуей ахъшэр зэтеуцу зэрырамытыжьыр. Кьуаншагъэ зыльэжьахэр административнэ жэуапым щІрамышлалІэм щхьэусыгъуэу иІэр зыщ - УФ-м и субъектхэм я бюджетым, щыпІэ бюджетхэм я ахъшэ зыІэрыхьэхэм ящыщу бюджет законодательствэм кьызэпызыудахэр жэуапым иришэлІэну полномочи екэр зиІэ орган УФ-м и субъектхэм я гъэзэщІакІуэ власт сым хыхьэу зэрыщымыІэрщ.

Парламентым и лэжьыгъэ зэгъэуІунымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым и унафэщІ **Щы-хьалы Заирэт** депутатхэм я пащхьэ кьрилъхьащ «КЪБР-м и Парламентым и депутатым и статусым и Іуэхуэдэ» КЪБР-м и Законым и 36 статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» законым и проектыр. Абы кьегъэув КЪБР-м и Парламентым и депутатым дэпІэныкъуэгъуу иІэнухэм я бжыгъэр езы депутатым зэрыхуейуэ зэригъэувым теухуа мардэр Законым хэгъэкІыпхъэу.

Абы кьыдэкІуэу, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІунымкІэ, регламентымкІэ, депутат щэнхабзэмкІэ комитетым кьиІэтащ КЪБР-м и Парламентым и Регламентым Правительствэм хухах зэманыр кьызэрагъэсэбэпым теухуа и статьям зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн хуейуэ кьызэрилъытэр. Кьапщтэмэ, абы кьигъэуващ КЪБР-м и кьэралым властым и гъэзэщІакІуэ органым, федеральнэ кьэралым органым и щІыналъэ органым я унафэщІхэм ящыщу Правительствэм хухаха зэманым кьуэдыдэу доклад ящІыну зытехуэр езыр и щхьэкІэ а зэІущІэм кьырихьэлІэн хуейуэ, ауэ яубзыхуэ махуэм абы и Іуэхур хуэмыкІуэ нэужьым, кьыщІэмыкІуэфым и щхьэусыгъуэр тхуэ Парламентым и Унафэщім иритыпхъэу икІи кьыщыпсэльэфыну махуэр абы щІыгъуу нубзыхупхъэу.

Ищхьэкіэ кьыщыгъэлъэгъуа законопроектхэм зыхуэфащэ комитетхэр елэжьыжьа нэужь, ахэр КЪБР-м и Парламентым и зэфІэщІ зэщІыхьэнущ.

Кьагъэхьа материалхэм щыгъуазэ защІри, Президиумым хэтхэм унафэ кьащтащ Апэжьихь Жэнэт - Лэскэн муниципальнэ районым и щІыпІэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэм, Молэ Хьусен - Бахьсэн муниципальнэ районым егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и лэжьакІуэхэм я профсоюзым и комитетым и тхьэмадэм, Бахьсэн муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэжьэныжьмкІэ и Советым и депутатым КЪБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхьылъыр етыным теухуауэ.

УРЫСМАМБЭТ Беллэ.

Щыхубэм зыкъаІэт

«Ассошиэйтед Пресс» хьыбарегъащІэ Іэнатіэм кьызэритымкІэ, мазаем и 11 жэщым Каир и Тахрир утыкум щыху мини 100 бжыгъэхэр щызэхуэсащ. Мысырым и президент Мубарак Хьусни и кьалэнхэр езым и дэІэпыкъуэгъу Сулеймэн Омар Іэщи тхъэуэ лъэпкъ телевиденэмкІэ зэрыжиІамкІэ мыарэзыхуэ.

Апхуэдэ щІыкІэкІэ Мубарак президент кьулыкъур мы гъэм и фокІадэ хьуху (хэхыныгъэхэр екІуэкІыху) кьызызыигъэнэжьну и мураду аращ.

Зэхуэсахэр хуейкьым Мубаракри Сулеймэни кьулыкъущІэу яІэтагъуэу. Ахэр я кьулыкъым темыкІауэ зэфІэмыкІыжьыну жаІэ.

Дуней псом щынэхъыфІэхэщ

Бразилием и Сан-Паулу къалэм щыІэ «Кьумбика» аэропортым япэ ущыпІэр дуней псом щиубыдащ. Щыхуэм абдеж кьыщытраха наркотикым и куэдагъымкІэ.

Ар Бразилием и аэропорт нэхъ ин дыдэщ. Наркотикхэр хабзэм кьемызэгъыу зезыкьыхэхэм япэщІэт лэжьакІуэхэри иІэщ. Абыхэм 2010 гъэм щІыхуэм кьыкъуахащ афиян зэмыІэужьыгъэу тонн 1,8-рэ, наркокурьеру къэрал 50-м щІигъум щІыщІыху 543-рэ яубыдащ икІи кьытрахащ наркосатум кьыхэкІа евро мелуанитІ хуэдизрэ доллар мин 650-рэ. Зи кьалэнхэм хуэпэж лэжьакІуэхэм пщІэшхуэ хуащІ.

Бразилием кьэрал гъуанэкъэр хуиІащ кокаиныр куэду зыгъэкІ Боливием, Колумбием, Перум. Абыхэм я дежкІэ Сан-Паулу и аэропортыр Европэм, Африкэм, Америкэ Ищхьэрэм наркотикхэр тыншу зэрагъэІэпхъуэрыну гъэзущ.

Я президентыр трагъэкІынут...

Хабзэм къемыІзгъыщ пъэхъуэщым ираубыдахэм кьащхьэщыжьыныгъэ жылагъуэ зэгъухьэныгъэм и Іэтащхьэ Беседи Эка Куржым и парламентым кьыхуредж я президент Саакашвили Михаил кьулыкъум текІын хуейуэ кьагъэувыным.

Куржым и президентыр гъэ кьэс парламентым и пащхьэ кьыщопсалъэ. Мы гъэм ар кьыщыхьэуар дыгъуасэщ.

Зи гугъу тщІы жылагъуэ зэгухьэныгъэм кьызэриІытэмкІэ, ар политикэ джэгукІэу арихьудейщ, Саакашвили Михаил и дежкІэ хабзэгъэзыв орган нэхъыщхьэм мыхьэнэ гъэпкъ иІэкъым.

Дыгъуасэ пщыхьэщхьэм Куржым и президентыр сыхьэткІэ парламентым и пащхьэм кьыщыпсэльащ. Абы и телъхьэхэмрэ оппозицэмрэ зэдэуащ лэжьыгъэ сыхьэтитІым щІигъукІэ. Ахэр зэрызэгурыІуа щыкІэр зэкІэ хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэм кьатакьым.

Мы махуэхэм

Мазаем и 12, *щэбэт*

◆2002 гъэм мазаем и 12-м гъэкьэн щІидзащ сабийм и хуитныныгъэмкІэ Конвенцэм и протокол щхьэхуэм - ахэр зауэм хашэну хуит зымыщІым.

◆1990 гъэм мазаем и 12 - 14-хэм Душанбе щекІуэкІа зэрызехьэм хэкІуэдахэм я фэепль махуэр Таджикистаным щагъэлъапІэ.

◆ 1929 гъэм Налшык щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ курорт хъуащ.

◆1957 гъэм Кавказ Ищхьэрэм щыяпэ дыдэу Налшык телевиденэм гъэкъэн щыщІидзащ.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, пшэ тІэльнущ, махуэм щІыІэр зы градусым, жэщым хуабэр зы градусым нэсынущ.

Мазаем и 13, *тхьэмахуэ*

◆**Саха Республикэм (Якутие) щыпсэухэм я бзэмрэ я тхьібэмрэ я махуэщ**

◆1924 гъэм Ставрополь крайр кьызэрагъэпэщащ.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, пшэ тІэльу щытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэ уэс кьесынущ. Махуэм градус 0, жэщым - щІыІэу градуси 10 щыІэнущ.

Мазаем и 14, *блыщхьэ*

◆Мазаем и 14 - гъатхэпэм и 11-хэм Женевэ (Швейцарие) щекІуэкІынущ Іъэпкъ зэхъэгъэжьр гъэкІуэдыныжьмкІэ комитетым и 78-нэ сессиер.

◆Илъэси 175-рэ ирокъу Кавказым и тхьідэтх, адыгэхэм кьуэдрэ ятетхьыхьа генералдейтенант Поттэ Василий кьызэрагъэуцуа. 1911 гъэм дунейм ехьижащ.

Дунейм и щытыкІэнур: «meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, пшэр тхьэтекІыу щытынущ, уэс мащІэ кьесынущ. Махуэм щІыпІэр градуси 6-м, жэщым - градуси 10-м нэсынущ.

ПІланэзэр зыгъэхъэхэрар ГЪУЩІО Зарифщ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм республикэм щыпсэуэм ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъазэм теухуауэ 2011 гъэм мазаем и 8-м къэпсэльащ. Абы блэкІа илъэсым кьэрикІуахэр зэпкьрыхауэ кьыщыгъэлъэгъуащ, къэкІуэну лъэхъэнэм кьытпэщыт кьалэн пыухыкІахэр щыуБзыхуащ.

Абы кьыщыгъэлъэгъуа бжыгъэхэмрэ іэыхуэмрэ фІым ухуагъаплъэ. Республикэм зиужьу, япэкІэ кІуатэ зэпыту екІуэкІащ. Социальнэ Іэухуащ Іапіэхэр яухуащ, Іэнатіэщ Іэхэр кьызэІуахащ. Мэкъумэш Іэнатіэм кьыщалэжь продукцэм псынщІэу хэхъуащ. Щыухуэм я результат зэрыгъэфІэкІуэным теухуауэ яІэмэхэри машІэжьым.

Документым гулъытэ хэха хуещІ зэкІэ дамыгъэкІыфа гугъуехьхэмрэ япэ игъэщыпхъэ кьалэнхэмрэ. Къапщтэмэ, кьыхэгъэщхьэхуКІащ инноваци лъабжьэм тет экономикэ фІэкІыпІэ имыІэу зэрызэтегъуэвапхъэр. Япэ игъэщыпхъэ Іуэхуэхэм ящыщу абы кьыщыгъэлъэгъуащ республикэм бгъэдэль гидроэнергетикэ зэфІэкІкІэр къэгъэсэбэпныр, щІым и Іуэхум унафэ тещІыхьакьныр, туристрекреацэ экономикэ щІыналъэ кьызэгъэпэщынымрэ.

Президентым Парламентым Зэрызыхуигъазэм кьыщыхэгъэщхьэхуКІащ республикэм исхэм драгъэкІуэкІ идеологие, профилактикэ, хьыбарегъащІэ, гурыгъэІуэныгъэ лэжьыгъэхэр щІэрыщІэу кьызэгъэпэщыжьын икІи абыхэм я фІагъыр кьэЗэтын зэрыхуейр. Хохуэу къэгъэльэгъуащ коррупцэм, дин экстремизмэм, терроризмым еБэныжьмкІэ къэрал властым и органхэм, хабзэхьумэ, хьэрычэт Іэнатіэхэм, жылагъэ Іуэхущ Іапіэхэм, щІыху псоми я зэфІэкІхэр зэщІэгъэуІуапхъэу зэрыщытыр.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым Парламентым Зэрызыхуигъазэм щыубзыхуэ Іуэхуэхэмрэ къаІэнэхэмрэ Жылагъуэ палатэм деІыгъ икІи а къаІэнэхэр гъэзэщІэным зэщІэгъэкъуэнкІэ езым и Іуэху нэхъыщхьэ дыдэу кьелытэ. Палатэм и murадщ лэжьакІуэхэм я жэрдэмым зегъэужьын, абыхэм я Іэщіагъэм хэгъэхъуэн, зыпэрыт Іэнатіэр зехьэныкІэ яхь жэуапыр кьэЗэтын murадкІэ, зэпымыууэ жылагъуэ кІэлъыплъныгъэ иригъэкІуэкІыну.

Палатэр хэхауэ елэжьынущ жылагъуэ кьару псори зэщІэгъэуІуэным. Жылагъуэ палатэм иригъэкІуэкІынущ республикэм кьыщыхъуу псомкІи жэуап зэрихьыр дэтхэнэ зы щыхуми гурыгъэІуэным, ди щІыналъэм мамырыгъэр, зэпІэзэрытыныгъэр, лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр щыгъэбыдэным хузунэтІауэ лэжьэным тезыгъэгушхуэ Іуэхухэр.

■ ЗэІущІэхэр ■ Дифі догъэлъапІэ ■ Спорт

КЪЭБЭРДЕЙ

■ ТВ, радио нэтынхэр ■ ЩІбзт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

● Тхьілъэщ Іэ

Лъабжьэхэмрэ къудамэхэмрэ

Адыгэ (шэрджэс) спортсменхэу ди лъэпкьым и щІэр жьыкъэ зыгъэІуахэр, абы и щІыхьыр дунейпсо утыкуэум щызыІэтащ. Щыжьблагъэ дунеим кьытехьащ спортымкІэ щІрыІуэ хьуа ашхуэдэ ди лъэпкъэгъуэхэм ятеуха «Адыгэ Олимп» тхылъ гъэщІэнгъэныр. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и щІэм щІэту гъэхъэныр ирахьаІащ а кьыдэкІыгъэм кьарруушхэу ирахьаІащ а Іуэхум и жэрдэмщІакІуэ Джэрыдж Хьэсэнэр тхылым и редактор Джэрыдж Арсенэр.

«Адыгэ Олимп» тхылъым кьыщыхьащ Европэм, Олимп Джэгуэхм, дунейпсо зэхъэзэхуэхэм пашэ щыхьуауэ щыта адыгэ спортсмен іэрыІуэхэм ятеуха тхыгъэхэр, суэртхэр. Ахэр ягъэхьэзыращ ди лъэпкъэгъу ткакІуэхэм, щІэныгъэлІэхэм, журналистхэм. Тхыгъэхэм дагъэщІыху ди кьэралми хамэ щІыпІэхэми щыпсэу адыгэ щІалэ пелуанхэр, бзыльхугъэ щІэщІащІэхэр. Спорт щэнхабзэр ди лъэпкъым игъашІэми кьыдекІуэкІ нэщэнэ нэхъыщхьэхэм халъытэу, авторхэм кьагъэлъэгъуащ лъабжьэ быдэ зиІэ дэтхэнэ Іуэхугъуэми кьудамэ лъэщ, зушнэ кьызэрыджыр.

Тхылъым и пэублэ псалъэм зэрыщыкьыІамкІэ, адыгэхэм сыт хуэдэ зэмани гулъытэщхуэ хуащІырт я щІэблэр лъэщу, бланэу, гугъуехьхэм кьапимыкІуэту хахуэу гъэсэным. Хьыбарыжьхэм кьыхощыж илъэс кьэс, нартхэр Хасэм щыщІэзэхуэсам деж, абыхэм Хьэрэмэ Іуащхьэ и щыгум пелуанхэм я зэхьэзэхуэ инхэр кьыщызэрагъэпэщу, хэтІэхэсэ, пыІэзэфІэхь джэгукІэхэмкІэ зэпеуэу зэрыщытар. Псори дыщыгъуазэщ адыгэ зауэлІ хахуэ Ридадэ хэтыа лІыгъэщхуэм, хамэщІхэм пщыгъуэ щызыІыгъа щэрджэс сультІанхэм кьаруушхуэ яхэлъу, щууей хьжьжьхэзу зэрыщытам. Абыхэм кьакІэлъыкІуащ Іуащхьэмахуэ и щыгум япэ дыдэу дэкІуеифа адыгэлІ Хьэшыр Чылар, дунейпсо утыкуэм щІрыІуэ щыхьуа бэнакІуэхэу ГъучІэ Яшар, КІыкІэ Хьэмид, Нагъуэ Мыхьмуд, нэгъуэщІхэри.

Совет зэманым ди хэкум нэхъри зыщІужьащ спортым. Адыгэ спортсменхэм увыпІэфІхэр утыкушхуэхэм кьыщахьу лъэпкьым и щІыхьыр абы щыгъуэми яІэтащ. Апхуэдэхэщ, псалъэм пащІэ, Къуэдзокъуэ Анатолэ, НакІэ Мустафа, Шыхьуэ Борис, Къунижь Мухьэрбий, Ныр Хьэсэнбий, Кыржин Мухьэрбий, Ахэмин Еленэ, нэгъуэщІхэри. Иджырей лъэхъэнэм абыхэм яужь иуващ спортсмен лъэрызехьэу, Олимп Джэгуэхм я чемпион хьуахэу Кьардэн Мурат, Хъущт Асльэнбэч, ныбжьыщІэхэм я Олимп Джэгуэхм щытекІуа Пшынэдэ Азэмэтбий, дуней псом и чемпионэху Пекьу Мурат, Куржы Уэлий, Мэкъуауэ Мурат, Хьэбэчыр Мурат, нэгъуэщІхэри. Дахэу гъэщІэрэщІа тхьылъыщІэм итщ спортсмен щэджащу 120-м ятеуха тхыгъэхэр.

Спортымрэ физкультурэмрэ зегъэужьыным гулъытэщхуэ щегъэуІ ди къэралми республикэми. Адыгэм и щІэр фІыкІэ зыгъэІуи, абы и щІыхьыр, и щІэр дуней псом щызыІэтын дяпэкІи дызэрІэнумэ щэч хэлъкьым. Апхуэдэхэм «Адыгэ Олимп» тхылъым адэкІи кьызэрыпащэнур ди фІэщ мэхъу. И мурадыфІым ерыщу хуэкІуэм екъуІэнныгъэ лъагэ зыЗэригъэхьфынущ.

«Адыгэ Олимп» тхылъыр кьыщыфщэху хъунущ «Адыгэ уэн» тыкуэным.

КЪАРДЭН Маритэ.

● Хъуэхъу

Гъуэгуанэ купщІафІэ

Мазаем и 11-м и ныбжьыр илъэс 65-рэ иригъэуащ философие щІэныгъэхэм я доктор, тхьідэ щІэныгъэхэм я кандидат, КъБКъУ-м и Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхьідэмкІэ и кафедрэм и унафэщІ, ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиеми и академик, профессор Унэж Кашиф Хьэждаут и къуэм.

УНЭЖЫМ лъэпкъ щІэныгъэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэ инхэр хуиІащ. Абы и кьалэмыпэм кьыпыкІащ щІэныгъэ лэжьыгъэу 220-рэ. Абыхэм яхэтщ къэхутэныгъэ купщІафІэхэри, ди лъэпкъ тхьідэм и напэкІуэцІ щхьэхуэхэм ятещІыхьахэри, монографиехэри. ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм студентхэр зэрыщеджэ тхьілъ зыбжани кьыдигъэкІащ Унэжым. ЩІэныгъэлІ щыпкъэм и лэжьыгъэхэр яфІэхьэлэмэтщ курытшколхэм я егъэджакІуэхэми, еджакІуэ щыкІуэхми, ди адыгэ лъэпкъым и кьекІуэкІыкІам дихьэх хэкупсэхэми.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэр, КъБКъУ-м и лэжьакІуэхэр, «Адыгэ псалъэ» газетыр, «Іуащхьэмахуэ» журналыр.

● Гу зылъытапхъэ

Маршрутыр зэрахъуэкІ

«Александровкэ - Стрелкэ» маршрут №18-м тет автобус щыкІуэр 2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ кьаІэкъум дэт бззэрым и Іэшэлашэхэм щызекІуэнущ Осетинскэ уэрам - ПашІэм и уэрам - Толстоим и уэрам - Чернышевскэм и уэрам схемэмкІэ.

Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэ маршрутым халъхьащ щІыху куэд кьалэм и администрацэм кьызэрылъаІуэм кьыхэкІыу.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Ди газетым мазаем и 28 щІондэ Іэ тевдзэмэ, ар ныфІэрыхьэнущ гъатхэпэм и 1-м щыщІэдзауэ.

МазипІым ди газетым и уасэщ сом 237-рэ кІэпІейкІэ 40-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапіэ псоми.

Ди индексыр 51531

●Узыншагъэ

Амщокъуэ ФатIимэтрэ Панагуэ Максимрэ куей сымаджэщым и Iуэжур зытетыр зрагъащIэ.

IэнатIэр ирагъэфIакIуэ

Къабэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министерствэм и Iэнатlэм зэ хъуэжьныгъэхэр хилъхьэну, зригъэужьыну, иригъэфIакIуэну и мурадш.

МЫ ЗЭМАНЫМ республикэм амбулаторэ, поликлиникэ Iуэхущ1апIэ щыIэм и процент 70-р зэгъэпэщыжьын хуейщ. Медицинэ дэIепыкъуныгъэмкIэ щыIэ хабзэ хэм тету, диагностикэ Iэмэпсымэхэр къагъэсэбэну цIыхуэхэм хуащIэн хуей Iуэхутхьбзэхэр нэсу гъэзэщIа хъуркъым.

2011 - 2012 гъэхэм узыншагъэр хъумэн IэнатIэм хатхъуэну зэхъуэжьныгъэм теухуа программэр гъэзэщIа хъун папщIэ, республикэм и медицинэ Iуэхущ1апIэ псоми я щытыкIэр къэпщытэн хуейщ. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м и Правительствэм и Мафэщым и къуэдзэ Гертер Иванрэ республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министр Амщокъуэ ФатIимэтрэ район, кьалэ сымаджхэщхэр, кьуажэ амбулаторэхэр, фельдшер пунктхэр къызэхакIуэ.

Апхуэдэу аехр щыIащ Налшык дэт республикI, кьалэ клиникэ сымаджэщым ихъэ зэгъэпэщыжьныныгъэ лэжьыгъэр зэрыраГъэкIуэкIыну зэрыгъэужьыныгъэ теухуа программэ гъэзэщIа хъун папщIэ, республикэм и медицинэ Iуэхущ1апIэ псоми я щытыкIэр къэпщытэн хуейщ. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м и Правительствэм и Мафэщым и къуэдзэ Гертер Иванрэ республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министр Амщокъуэ ФатIимэтрэ район, кьалэ сымаджэщхэр, кьуажэ амбулаторэхэр, фельдшер пунктхэр къызэхакIуэ.

Апхуэдэу аехр щыIащ Налшык дэт республикI, кьалэ клиникэ сымаджэщым хирургиемкIэ и къудамэр кьызэрагъэпэщынуц рентгенрэ томографкIэ.

АдэкIэ Гертер Иванрэ Амщокъуэ ФатIимэтрэ Налшык кьалэ клиникэ сымаджэщым и лъхъанIэ къудамэр зэрызэрагъэпэщыжь щыкIэрэ зрагъэлъэгъуащ.

Мы махуэхэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэмрэ министрымрэ Тэрч район сымаджэщмэ щыIащ, абы и къудамэ 12-м лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIми кIэлъыплъащ. Абыхэм палатэхэр кьаплъыхьащ, IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрызэгъэпэщар, хущ1ъуэхэр зэрахъуэмэр зрагъэлъэгъуащ.

Тэрч район администрацэм и унафэщI Пэнагуэ Максим и жэрдэмкIэ хъэрычэтыщIэхэм я мыльокIэ сымаджэщыр зэрагъэпэщыжащ, дэтхэнэ зы пэщIрэ екIуу зэлъыIухащ.

Сымаджэщыр кьаплъыхьа нужь, Гертер Иванрэ Амщокъуэ ФатIимэтрэ дохутырхэм яIуIащ икIи ахэр щагъэгъуэзащ а IэнатIэм щыIэну зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэм, абыхэм я упщIэхэмэ жэуап ираташ.

ИужькIэ ахэр щыIащ Красноармейскэ станицэм, Арыкъ, Новэ Балъкъэр кьуажэхэм дэт амбулаторэхэм, Урожайнэ жыIэм дэт сымаджэщым. Шэч хэмыльу, а медицинэ Iуэхущ1апIэхэм псоми гугъуехь гуэрхэр щыIэщ икIи ахэр псори узыншагъэр хъумэн IэнатIэм щрагъэкIуэкIыну зэхъуэкIыныгъэхэм теуха программэм кьыхалъытэнущ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министрым а Iуэхум адэкIи кьыпищэнущ икIи районхэм, кьуажэхэм щыIэ медицинэ Iуэхущ1апIэ псоми кIуэнущ.

УЭСМЭН Маринэ.

Зи псалъэр быдэ, Iуэхум хуэпэж

Атэ лыкъ Анатолий ди республикэм щыщIэрыIуэ щыхущ. Ар илъэс куэдкIэ рабочуэ лэжьащ, жылагъуэ Iуэхум хуэдэжь щIалэр нэхъ ныжькIэ политикэ Iуэхум хыхьэри, зэфIэкIыщхуэ зэрыбгъэдэлъыр абыи щигъэлъэгъуащ.

АТЭЛЫКЪЫР 1951 гъэм мазаем и 14-м гуащIэрыпсэу унагъуэм щалъхуащ. Зи щIакIуэу Iыхьэр хьэлэлу къэзыIэлэжьу къэгъуэгурыкIуэ адэ-анэм ар ягъэсащ щIыхуэм пщIэ хуищу, зыпэрыт IэнатIэм хуэхьэ лэлу, егугъуу. Араш Атэлыкъкэ зэрыльэпкъыу зэрыгушхуэ щIыху абы къыщыхьIар.

Налшык дэт курыт школ № 17-р кьиуэри, Анатолий 1969 гъэм полупроводник Iэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр заводым слесарь-инструментальщикыу лэжьэн щыщIидзащ. Ауэ а IэнатIэм куэдрэ пэрытыну хуиэсакьым, дээм зэрыраджам къыкъэкIыу. Щыхь зыпыль а кьалэныр тэмэму ирихьэкIри, щIалэ емызэщым «Зауэлым и щIыхь» медалыр кратауэ кьиIэзэхэщ икIи щIэпсалъэ IэнатIэм увыжащ.

Мыг уэзу Атэлыкъ Анатолий Iэщ1агъэлI нэхъ Iэкiуэ-лъакIуэ дыдэхэм ящыщ хуащ икIи нэхъ лэжьыгъэ гугъу дыдэхэр дзыхь кьыхуащ щIадзащ. Ар зэи Iуэхум Iэхъуэ-гъэтегъэкIыу бгъэдыхьэр-тэ зкъым, ерыцкIуэ х эпт, емызэщт, и илъэс планэр сытым дежи процентэ 160-170-кIэ игъэзащIэрт. Ар и Iэщагъэм апхуэдизкIэ Iэижь хуэхьуат и гур етати, нэгъуэщI IэнатIэ пэрыуэну и пщIыхьэпIэ кьыхъэхъэртэкъым.

Заводым зэрыщыIэжьа илъэс 23-м кьриубыдэу Атэлыкъ Анатолий зи пашэ бригадэм хэтэкр жэрдэм куэдым я зэхэуфлакIуэу щытащ, уеблэмэ Iуэхущ1апIэр зыхьыхьэ министерствэм щрагъэкIуэкI зэхъуэкIуэм щытекIуащ. Гупым я лэжьыгъэр гъэ хуат, зэманыр зэгъэзэхуэу кьагъэсэбэпыр т, лжьхэкIэ пэрытыр щIэгъэкъуэн къащIыр. Аратэ абыхэм яГъэхьэзыр пкъыгъуэ псори фIы дыдэу щIыщытыр, кьаплъыхьат кьалэныкъэми куэдкIэ щIыщрагъэгъуфыр.

Лэжьыгъэм щиIэ екъулIэныгъэхэм папщIэ езы Атэлыкъым куэдрэ щыIыхь тхьылъхэр кратащ. Абы нобэми иГу илыш езыр Iуэхум хуэзыгъэсауэ щыта Iэщ1агъэлI щэрыIуэхэр, апхуэдэу езым мы Iэщ1агъэм хигъэгъуэза щIалэу пщIы бжыгъэхэр.

Зыпэрыт IэнатIэр щытхъуIэу зэрырихьэкIым кьыдэжкIу эу, ар жылагъуэ лэжьыгъэми жыджэру х эпт. Атэлыкъыр цехым, заводым, производствэ зэгъэхьныгъэм я профсоюз комитетхэм куэдрэ хахащ, профсоюзхэм я КъБэрдей-Балъкъэр республикэ комитетым и президиумым 1989-1993 гъэхэм хэтащ. 1990 гъэм Атэлыкъ Анатолий КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ икIи Налшык кьалэм и Ленинскэ райпсолкомым хагъэхьащ.

Заводым щыщылажьа зэманым ар ВЦСПС-м и саугъэтым и лауреат хуащ. А зэман дыдэм абы кьыфащащ «КъБАССР-м промышленнос-тымкIэ щыIэхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ льапIэр.

1993 гъэм и мэлыжьыхь маэзм щегъэжьауэ А тэлыкъыр КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм Промышленностым, транспортым, связым, уху-ныгъэм, энергетикэм я IуэхуэмкIэ зэпымыууэ лажьэ и комиссэм и унафэщыу щытат. Лэжьыгъэшхуэ кьезыыхьэла, щIыхуэхэм ядэгъэкуэрыкIуэф, зэфIэкIрэ егупчыныгъэрэ зыхэль щIалэм мы Iэнатlэми кьыщигъэлъэгъуащ и акъылымрэ зэхэщIыкIымрэ зэрыинар.

КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэр зэбграгъэжьыжа нэужьи, Атэлыкъыр парламент ар Iуэхум кьыхэжьжыну Iэмал итыэтакъым. Ар КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ зэхуэсыгъуэхэм Республикэмкlэ Советым и депутату хахащ, аргуэру КъБР-м и Парламентым и ещанэ зэхуэсыгъуэм и депутату хахьжащ икIи Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщым и къуэдзэу лэжьащ.

КъБР-м и Парламентым и депутату щыщыта зэманым ар жыджэру елэжьащ жылагъуэ-политикэ, экономикэ зэпэзэрыгъэныгъэр зэтетхуэ зэхуэнэтIа республикэ законодательствэр гъэхьэзырыным. Апхуэдэу Атэлыкъыр егугъурт езыр щыхаха хьэбгъэр зэIуэпэщI щIыным, щIыуэ хэр нэхъ гугъу езыгъэхь Iуэхуэр дзгъэкIыным. Абы папщIэ ар зэпымыууэ яхуэзэрт езыр щыхаха щIынальэм щыпсэу-хэм.

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и органэ нэхъыщхьэм зэрыщыIэжьа илъэс 16-м кьриубыдэу абы зы Iуэхуми зыщидзеякьым, игу илъри ибзыщIакъым. Зыпэрыт IэнатIэм зэрыхуэзэнжьым кьыдэжкIуэ, абы я зэманым КъБКъУ-м и «социальнэ лэжьыгъэ» Iэщ1агъэмкIэ кьиухащ.

Законхэр гъэхьэзырыныгъкIэ зэфIэкIыщхуэ кьызэрыгъэзэгъуэм кьыхэжьыу абы УФ-м и Къэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Щыхьэ тхылъыр, КъБР-м и Щыхьэ тхылъыр, КъБР-м и Парламентым и Щыхьэ тхылъыр кратащ. 2009 гъэм и жэпуэгъуэ маэзм льандэрэ Атэлыкъыр КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщагъуэщ икIи аналитикэ, унэтIыныгъэ Iуэхуэхэм я лъэныкъуэкIэ абы доIэпыкъу.

Анатолий унагъуэ Хъарзыкэ из ифщI. И щхьэгъусэ Лимэрэ абыгъэ щIалитIгъэ зы хьыджэбзэрэ эзэдапIащ. Я хьыджэбз нэхъыжь Маринэ унагъуэ ихьащ, Налшык кьалэм щопсэу икIи банкым щолажьэ. Анзор КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ затумкIэ и министерствэм и Iэмбагъэлщ, Арсен офицеру ильэситIкIэ дзэм кьулыкъу щищIэри, иджыблагъэ кьигъэзэжащ. Зэщхьэгъусэхэр псом хуэмыдэу ирогушхуэ езыхэм я жьауэм щэту кьагъэтэдж я кьэрыкъуэрыкъуэпхъ урылжкуэм.

Апхуэдэ гъуэгуанэ хьэлэмэт кьызэпичауэ и юбилейм ирохьэлIэ Атэлыкъ Анатолий Дин и куэдж. Дэ абы дохьэхъу уэзыншагъэ быдэ иIэну, и Iуэхуэхэр ефIакIуу, и мурад псори кьехьулIэу псэуну.

ДАДЭ Суфэдин,
КъБР-м и Парламентым и Жафэщым и чэнджэщэгъу, КъБР-м и Парламентым и I-Iй хэ ныгъуэхэм я депутат.

●Дифl догъэлъапIэ

АТЭЛЫКЪЫР 1951 гъэм мазаем и 14-м гуащIэрыпсэу унагъуэм щалъхуащ. Зи щIакIуэу Iыхьэр хьэлэлу къэзыIэлэжьу къэгъуэгурыкIуэ адэ-анэм ар ягъэсащ щIыхуэм пщIэ хуищу, зыпэрыт IэнатIэм хуэхьэ лэлу, егугъуу. Араш Атэлыкъкэ зэрыльэпкъыу зэрыгушхуэ щIыху абы къыщыхьIар.

Налшык дэт курыт школ № 17-р кьиуэри, Анатолий 1969 гъэм полупроводник Iэмэпсымэхэр щагъэхьэзыр заводым слесарь-инструментальщикыу лэжьэн щыщIидзащ. Аущ а IэнатIэм куэдрэ пэрытыну хуиэсакьым, дээм зэрыраджам къыкъэкIыу. Щыхь зыпыль а кьалэныр тэмэму ирихьэкIри, щIалэ емызэщым «Зауэлым и щIыхь» медалыр кратауэ кьиIэзэхэщ икIи щIэпсалъэ IэнатIэм увыжащ.

Мыг уэзу Атэлыкъ Анатолий Iэщ1агъэлI нэхъ Iэкiуэ-лъакIуэ дыдэхэм ящыщ хуащ икIи нэхъ лэжьыгъэ гугъу дыдэхэр дзыхь кьыхуащ щIадзащ. Ар зэи Iуэхум Iэхъуэ-гъэтегъэкIыу бгъэдыхьэр-тэ зкъым, ерыцкIуэ х эпт, емызэщт, и илъэс планэр сытым дежи процентэ 160-170-кIэ игъэзащIэрт. Ар и Iэщагъэм апхуэдизкIэ Iэижь хуэхьуат и гур етати, нэгъуэщI IэнатIэ пэрыуэну и пщIыхьэпIэ кьыхъэхъэртэкъым.

Заводым зэрыщыIэжьа илъэс 23-м кьриубыдэу Атэлыкъ Анатолий зи пашэ бригадэм хэтэкр жэрдэм куэдым я зэхэуфлакIуэу щытащ, уеблэмэ Iуэхущ1апIэр зыхьыхьэ щIалэм мы Iэнатlэми кьыщигъэлъэгъуащ и акъылымрэ зэхэщIыкIымрэ зэрыинар.

КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэр зэбграгъэжьыжа нэужьи, Атэлыкъыр парламент ар Iуэхум кьыхэжьжыну Iэмал итыэтакъым. Ар КъБР-м и Парламентым и япэ, етIуанэ зэхуэсыгъуэхэм Республикэмкlэ Советым и депутату хахащ, аргуэру КъБР-м и Парламентым и ещанэ зэхуэсыгъуэм и депутату хахьжащ икIи Экономикэ политикэмкIэ комитетым и унафэщым и кьуэдзэу лэжьащ.

КъБР-м и Парламентым и депутату щыщыта зэманым ар жыджэру елэжьащ жылагъуэ-политикэ, экономикэ зэпэзэрыгъэныгъэр зэтетхуэ зэхуэнэтIа республикэ законодательствэр гъэхьэзырыным. Апхуэдэу Атэлыкъыр егугъурт езыр щыхаха хьэбгъэр зэIуэпэщI щIыным, щIыуэ хэр нэхъ гугъу езыгъэхь Iуэхуэр дзгъэкIыным. Абы папщIэ ар зэпымыууэ яхуэзэрт езыр щыхаха щIынальэм щыпсэу-хэм.

Республикэм законхэр кьыдэзыгъэкI и органэ нэхъыщхьэм зэрыщыIэжьа илъэс 16-м кьриубыдэу абы зы Iуэхуми зыщидзеякьым, игу илъри ибзыщIакъым. Зыпэрыт IэнатIэм зэрыхуэзэнжьым кьыдэжкIуэ, абы я зэманым КъБКъУ-м и «социальнэ лэжьыгъэ» Iэщ1агъэмкIэ кьиухащ.

Законхэр гъэхьэзырыныгъкIэ зэфIэкIыщхуэ кьызэрыгъэзэгъуэм кьыхэжьыу абы УФ-м и Къэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Щыхьэ тхылъыр, КъБР-м и Щыхьэ тхылъыр, КъБР-м и Парламентым и Щыхьэ тхылъыр кратащ. 2009 гъэм и жэпуэгъуэ маэзм льандэрэ Атэлыкъыр КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и чэнджэщагъуэщ икIи аналитикэ, унэтIыныгъэ Iуэхуэхэм я лъэныкъуэкIэ абы доIэпыкъу.

Анатолий унагъуэ Хъарзыкэ из ифщI. И щхьэгъусэ Лимэрэ абыгъэ щIалитIгъэ зы хьыджэбзэрэ эзэдапIащ. Я хьыджэбз нэхъыжь Маринэ унагъуэ ихьащ, Налшык кьалэм щопсэу икIи банкым щолажьэ. Анзор КъБР-м Экономикэ зыужьныныгъэмрэ затумкIэ и министерствэм и Iэмбагъэлщ, Арсен офицеру ильэситIкIэ дзэм кьулыкъу щищIэри, иджыблагъэ кьигъэзэжащ. Зэщхьэгъусэхэр псом хуэмыдэу ирогушхуэ езыхэм я жьауэм щэту кьагъэтэдж я кьэрыкъуэрыкъуэпхъ урылжкуэм.

Апхуэдэ гъуэгуанэ хьэлэмэт кьызэпичауэ и юбилейм ирохьэлIэ Атэлыкъ Анатолий Дин и куэдж. Дэ абы дохьэхъу уэзыншагъэ быдэ иIэну, и Iуэхуэхэр ефIакIуу, и мурад псори псэхьулIэу псэуну.

ДАДЭ Суфэдин,
КъБР-м и Парламентым и Жафэщым и чэнджэщэгъу, КъБР-м и Парламентым и I-Iй хэ ныгъуэхэм я депутат.

●ЗэIущIэкIэ

Зэгурыlуэр мэунэри...

Мазаем и 8-м екIуэкIащ КъБР-м щыпсэу къэзакъэм я Iуэхуэхэм телажьэ гупым я зэхэхьэ. Ар техуэат Къэбэрдей-Балъкъэрым ис къэзакъэм я зэгухьэныгъэм защIэгъэкъуэным, Тэрч-Балъкъ къэзакъ гупым къэрал кьулыкъу зэрырахьэкIыну щыIэм, ди республикэм гъэпкъ зэхущытыкIэкIэр щегъэфIэкIуэным тепсэтъыхьыным.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м щIалэрIуэалэм я Iуэхуэхэмрэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэныкIэ и министр, къэзакъэм я Iуэхуэм телажьэ гупым и унафэщI Пащты Борис. Абы и пэублэ псалъэр теухуат гъэ блэкIам республикэм и къэзакъ зэгухьэныгъэм нэгъабэ зэфIагъэкIа гъэкIыгъэм.

2010 гъэм жэпуэгъуэ мазэм КъБР-м и Президентым и унафэкIэ «Тэрч-Балъкъ къэзакъ округкIэ» зэдзэм и Хабзэр кьащIащ. КъыкIэлыкIуэ мазэм «Тэрч-Балъкъ къэзакъ округыр» республикэм Юстицэмкlэ и министерствэм и управленэм щатхащ.

«Щыуэ мини 10 къызэщIэзыубыдэ, кьудамэ 15 хьу Тэрч-Балъкъ къэзакъ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэр зэтеубэн хуейт. ИкIи абы екъэлIауэ зэфIэгъэкIа Iуэхуэгъуэ пыухыкIакIэри щыIэщ, - жиIащ Пащтым. - Псаурэм и къэтырхьэ, къэзакъ зэгухьэныгъэхэм Прохладнэ муниципальнэ куейм щы гектари 100-м нэблагъэ щыухахащ».

Къэзакъхэм я щэнхабзэр кьэлэтыжьныным хуэунэтIа лэжьыгъэ щхьэпэжри республикэм щекIуэкIыу жыпIэ хуэнущ. Уэрэдри къьафэкIэ Iэзагъэ ин къэзыгъэльагъуэ щыхьбэ ансамбль зэкIэлъаIэ Прохладнэ, Май куейхэм куэд щIауэ яIэщ.

Нобэкlэ абыхэм нэхъ кьыхэжьанкIэхэм ящыщщ «Тэрч къзакъхэр» къэрал ансамблыр, Прохладнэ кьалэм Щэнхабзэмкlэ и унэм и «Россичи» гупыр, нэгъуэщIхэри. Псори зэхэту абыхэм нэгъабэ концерт 20-м щIнгъу ятащ.

Къэзакъ щIалэгъуалэм хэкур фIыуэ яльагъуу, лIыгъэ яхэлъу, зэрыс щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэм пщIэ хуащIу гъэсэныным традуэащ. Прохладнэ куейм щыIэ зауэхэкуэцIэ, Пришибскэ жылагъуэм щызэхэт бгылъэ туризмымрэ альпинизмымкIэ клубкэм я лэжьыгъэр.

Мы зэIущIэм кьыщаIэта Iуэху бгъэдыхьэкIэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэм я зэхуэщытыкIэхэр е зэфэхьэныгъэхэри егупчын зэрыхуэнэр. Зэхуэсым унафэ ящыщащтащ. Прохладнэ, Май куейхэм я курыт еджапIэхэм щеджэ ныбжьыщIэхэм республикэм ис лъэпкъхэм я зэхуэку дэтыхь гуэл зэрыщ, нэмысым, гулъытэм теухуауэ къэзакъ зэгухьэныгъэхэм хэтхэм лэжьыгъэ драгъэкIуэкIыну.

КЪ УМАХУЭ Аслъэн.

●Бахьсэн куей

Сом меларди 4-м нэблагъэ

Бахьсэн районым и экономикэм нэгъабэ инвестицэу сом меларди 2-м щIигъу кьыщагъэсэбэпащ. А мыльку халъхьащ IэнатIэ цIыкIуэрэ хьэзэщIэным и Iуэхум. Къуажэхэм предприятэ мыинкэм зыщагъэужьыным сом мелуани 100-м щIигъу хухахащ.

Куей администрацэм экономикэмрэ хъэрычэтыщIэ Iуэхуэмкlэ и кьудамэм и унафэщI **Щоджэнцыкlу Хьэсэн** кьыгъэрыджиIамкIэ, мы гъэм щыIыплэм и 1-м ирихьэлIэу щыхьэзакъэрылажьэу 1800-м щIигъум, предприятэ цIыкIурэ курыту 200-м нэблагъэм я щIыпIэм зыщагъэтхащ. Экономикэм а и IэнатIэм нобэ цIыху мини 4-м нэс кьызэщIеубыдэ, абыхэм я бжыгъэм хэхъуэ зэпытщ.

МэкъумэшхэкIэм зэрелажь европей технологиехэм хуэкIуэным теухуауэ иужьрей илъэсхэм районым лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкI. Кьапщтэмэ, щыIэ пасэмрэ уэмрэ ящыкIыхьуэмэ Iэмалхэр я лъабжьэу псынщIэу зызыужь жыг хадэхэр гектар мини 3-м щагъэтIысс. Гектар 200-м щIигъум щыхасасхэм лэжьэн щIадзащ. А проектым хыхьэу, псынщIэу хэхъуэ жыг лъахъшэ лIэужьыгъуэхэм кIэщIагъэ пкъо щыкIуэхэр щагъэжь, пластик ашыкхэр щагъэхьэзыр заводхэр кьызэIуахащ, иджыредй пхъэщхьэмыщхъэ хьумапIэхэм я япэ чэзур яуухащ. НэгъуэщI проектыхуи яГъэзащIэ. Ар нобэрей технологие пэрытым тету гектар 50-м хадэхэкIэр щагъэкIыну хуабгъэхьрщ.

Теплицэ комплексхэм папщIэ гъущI конструкцэхэр щагъэхьэзырыну заводыр зыхуэным, псынщIэу хэхъуэ жыг хадэхэмрэ хуабэщхэмрэ зегъэубгъуным, «Бахьсэн Бройлер» агрогуп ОАО-м зегъэужьыным, технологапраркрэ (щеджэ-щылажьэ комбинат) Бахьсэн куейм и цIыкуэм тэмэму Iуэхутхьбзэ щыкIащIэну административнэ центррэ кьызэгъэпэщыным мы гъэм инвестицэу сом меларди 4-м нэблагъэ кьыхэрагъэлъхьэну я мурадщ.

Щоджэнцыкlу Хьэсэн кьызэрыхигъэщамкIэ, хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ цIыкIуэхэм жыджэру зауэжьын папщIэ, районым администрацэм деж а Iуэхур зыынэтIыну совет кьыщызэрагъэпэщащ. «2008 - 2011 гъэхэм Бахьсэн куейм хьэрычэтыщIэ цIыкIуэмрэ курытымрэ зэрызыщагъэжьынур» программэр яГъэзащIэ. Апхуэдэу мыгувэу хьэзыр хьунущ «Бахьсэн муниципальнэ районым и мэкъумэш Iэнатlэм хьэрычэтыщIэ Iуэхур щыщIэгъэхуэбжьэн», «Жыг хадэхэм зегъэужьыным теухуа лэжьыгъэхэм хашэкIэрэ, Бахьсэн муниципальнэ районым и цIыкуэм я псэуIэр егъэфIакIуэн» жыхуиIэхэр.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

Дызыгъэхьа илъэсым и пэщIэдзэм пенсэхэм процент 8,8-р хэхъуащ, социальнэ ятым мэлыжьыхьым и 1-м процент 8, мэкъуауэгъуэм иджыри зы процент щIагъэнущ. А бжыгъэхэр кьыщахьащ иджыблагъэ УФ-м и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыIэм щекIуэкIа зэIущIэм. Абы щыхэпльэжащ, ильэс кIуам зэфIагъэкIахэм, щIыхуэм зэрадлажьэм, 2011 гъэм кьапщIэт кьаIэныщIэхэм, абыхэм ящыщу гу нэхъ зылъытапхъэхэм щытепсэлыхьащ. IэнатIэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыхуэхэр пенсэкIэ кьызэгъэпэщныр, абы хэгъэхьуным, пенсэ страхованэм теухуа Iуэхугъуэхэр. А унэтIыныгъэхэр Урысей Федерацэм щыгъэува хабзэм тету УФ-м и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыIэм нэсу зэфIигъэкIащ.

ГЭНАТIЭМ и унафэщI **Щауэжь Хьэсэнбий** кьызэрыхигъэщамкIэ, блэкIа илъэсым УФ-м и Пенсэ фондым и кьудамэу КъБР-м щыIэм и бюджет хэхъуэр сом мелард 18,3-рэ, хэщIыр сом мелард 18,1-рэ хьууэ щыщащ. Хэхъуэм щыщу сом мелард 14,9-р федеральнэ бюджетхэм кьыхэкIащ, адрей меларди 3,4-р езы Iуэхущ1апIэм зыIэригъэхьащ.

- Ди базэхэм официальнэу зыщцезыгъэтха юридическэ, физическэ цIыхуэхэм дадлэжьащ. Щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэ мин 39-м щыщу финанс-хозяйствэ Iуэхуэхэр зезыгъакIуэр абыхэм я процент 48,2-рщ. Юридическэ цIыху мин 15,9-м щыщу я лэжьыгъэм теуха отчет кьыгIэрызыгъэхьар Iуэхущ1апIэ 6800-рщ, - жиIащ Щауэжьым.

АдэкIэ кьызэригъэлъэгъуащ, я хэхъуэр нэхьыбэ зэрыхъуар кьрикIуащ страховой взносхэмкIэ кьулыкъмрэ юридическэ кьудамэмрэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэм. Абы кьыдэкIуэу илъэс кIуаэм я щIыхуэр процент 37-кIэ яГъэмэщIащ. Нэгъабэ пенсионер мин 25,3-м федеральнэ социальнэ щIым и лъхъанIэ кьудамэр зэрызэрагъэпэщыжь щIыкIэри зрагъэлъэгъуащ.

Мы махуэхэм КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэмрэ министрымрэ Тэрч район сымаджэщмэ щыIащ, абы и кьудамэ 12-м лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIми кIэлъыплъащ. Абыхэм палатэхэр кьаплъыхьащ, IэмэпсымэхэмкIэ кьызэрызэгъэпэщар, хущ1ъуэхэр зэрахъуэмэр зрагъэлъэгъуащ.

Тэрч район администрацэм и унафэщI Пэнагуэ Максим и жэрдэмкIэ кьырычэтыщIэхэм я мыльокIэ сымаджэщыр зэрагъэпэщыжащ, дэтхэнэ зы пэщIрэ екIуу зэлъыIухащ.

Сымаджэщыр кьаплъыхьа нужь, Гертер Иванрэ Амщокъуэ ФатIимэтрэ дохутырхэм яIуIащ икIи ахэр щагъэгъуэзащ а IэнатIэм щыIэну зэхъуэкIыныгъэхэр зыхуэдэм, абыхэм я упщIэхэмэ жэуап ираташ.

ИужькIэ ахэр щыIащ Красноармейскэ станицэм, Арыкъ, Новэ Балъкъэр кьуажэхэм дэт амбулаторэхэм, Урожайнэ жыIэм дэт сымаджэщым. Шэч хэмыльу, а медицинэ Iуэхущ1апIэхэм псоми гугъуехь гуэрхэр щыIэщ икIи ахэр псори узыншагъэр хъумэн IэнатIэм щрагъэкIуэкIыну зэхъуэкIыныгъэхэм теуха программэм кьыхалъытэнущ.

КъБР-м узыншагъэр хъумэныжьмкIэ и министрым а Iуэхум адэкIи кьыпищэнущ икIи районхэм, кьуажэхэм щыIэ медицинэ Iуэхущ1апIэ псоми кIуэнущ.

УЭСМЭН Маринэ.

●Пенсэ фондым

Процент 20-кIэ хагъэхъуэну мэгугъэ

дэщIыгъуныгъэхэр хуагъэуващ, абы тепщIыхьмэ, щIыхур псэун папщIэ зыхуеину яГъэувам нэхърэ нэхъ мащIэ пенсэ кьэзыхь республикэм и пенсионерхэм яхэткъым. 2010 гъэм и кIуэхум республикэм ижиту щат пенсэр сом 6246-рэ, лэжьыгъэ пенсэр сом 6435-рэ хьуауэ щытащ.

Мы зэманым КъБР-м пенсионер мини 180-рэ щопсэу, абыхэм ящыщу мини 162-м лэжьыгъэ пенсэ яIэрохьэ. «Ди жагъуэ зэрыхъущи, лэжьакIуэхэм я бжыгъэм хощI», - жиIащ ПФР-м и кьудамэм и унафэщым.

Пенсэхэр зэрагъэрыхьэм и гугъу щишIыкI, Щауэжьым кьызэригъэлъэгъуамкIэ, процент 55-м я ахъшэр пощтымкIэ яIэрохьэ, банкхэр процентэ 8-м кьагъэсэбэп. «Мы гъэм пенсэм процент 20-м щIигъукIэ хэдгъэхьуэфыну догугъэ», - кьыхигъащIащ абы, кьапэщыт кьалэнхэм я гугъу щIыщым.

IэнатIэм и унэтIыныгъэ нэхьыщхьэхэм ящыщщ страховой взносхэм я теухуа лэжьыгъэр. 2010 гъэм абы и лъэныкъуэкIэ сом мелуан 3420, 4-рэ кьаIэрыхьащ, ипэ ита илъэсым нэхърэ сом мелуан 1120-кIэ нэхъыбэ. Нэгъабэ етIуанэ, кьыкIэлыкIуэ сабий кьэзылъуащIыхьбз 21600-м сом мелуан 268-рэ хьу анэ капиталым и сертификатхэр ираташ.

Къудамэм и унафэщым и кьуэдзэ **Бэлэтокъуэ Владимиркъыщыпсэльъам кьызэрыхигъэщамкIэ**, я Iуэхущ1апIэм и IэнатIэхэм я лэжьыгъэр зэраубзыхур УФ-м и Пенсэ фондым и кьудамэу Ищщэ федеральнэ округым щыIэм гулъытэ щигъуэтащ икIи апхуэдэ Iуэху зехьэкIэр щынальэм и адрей Пенсэ кьудамэхэм кьагъэсэбэпыну хуагъэльэгъуащ.

- Нэгъабэ ди къудамэм чэнджэщ зэхуэмыдэхэмкIэ щIыху мин 262-м нэблагъэм зыкьыхуагъэзащ. Налшык, Щэджэм, Бахьсэн, Iуащхьэмахуэ, Прохладнэ, Аруан куейхэм электроннэ чэзуэр кьыщцезрагъэпэщащ икIи я лэжьыгъэр абы кьуэдкIэ иригъэфIакIуэ. Пенсэ Iуэхум теухуауэ щIыху 6222-м я IуIащ, зыкьызэрыхуагъэза тхьыль 251-м хэпльащ. ЩIыхуэхэм ядэлажьэ гупыр республикэм и жылагъуэ 77-м кIуащ икIи щIыху 1011-м зыкьызэрыхуагъаязэхэм хэпльащ, - жиIащ унафэщым и кьуэдзэ **Дыкьынэ Зарем.**

Апхуэдэу зэIущIэм кьыщыпсэльащ КъБР-м и Пенсионерхэм я зэгухьэныгъэм и куей кьудамэхэм я лIыкIуэхэр. Абыхэм Пенсэ фонд кьудамэм и унафэщым зыхуагъэзащ кампыеторхэмкIэ Iыхьэм щIэпыкъуну щIэльэIуу. «Нэхъыжьхэри, интернетыр кьагъэсэбэпу, езыхэм я ныбжьхэм зыпащIэну, я зэманыр сэбэп пIльу, щIэщыгъуэу яГъэкIуэ, яфIэфIщ», - кьыхагъэщащ абыхэм.

ЗэIущIэм кьыщаIэта Iуэхугъуэ псори кьызэщIикъужри, Щауэжь Хьэсэнбий жиIащ я IэнатIэр Урысей Федерацэм, Кавказ Ищхьэрэ щIыналъэм щынэхъыфIкIэм зэращыщыр. А екъулIэныгъэхэм нэхъри зегъэужьыну, я Iуэхуэр етыфIкIуэн папщIэ зэхуэмыдэу яджьлызым бзэ щIэныгъэм теухуауэ гъэмахуэм щрагъэкIуэкIыну тхьэмахуэгъэ еджэныгъэхэм хэтыну зэрыраГъэблагъэ тхьыль ираты-нущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Олимпиадэ ирагъэкIуэкI

Ломоносовым и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым школакIуэхэм я олимпиадэ ирегъэкIуэкI.

НЫБЖЬЫЩIэКЭР эпоуэ тхыдэмрэ обществознаниемкIэ. Дунейпсо къэрал зэхущытыкIэхэм, экономикэ-жылагъуэ Iуэхуэхэм хэзыщIыкI, щIыналъэ щхьэхуэхэр зыгъэпIейтей къэхьуэкъащIэхэр кьызыхэкIыр джыным дихьэх щIалэгъуалэр кьыхэхэныр зи кьалэн нэхъыщхьэу щыт олимпиадэр теуэгъуитIу гуэшащ. Заочнэ щIыкIэм тету гъэ кIуам и щэкIуэгъуэм и 15-м кьыщыщIадзауэ мы илъэсым и щIышылэм и 23-м нэсыху зэхэта япэ Iыхьэм щытекIуахэр хаг

ХЬЭХ Сэфарбий

Ишхъэрэкlэ

«Дуней гъащlэ» тхыгъэм щыщщ

Гъуэгум и бгъуагъыр

И мурадхэр унагъуэми кыхуагъэдахэри, Быслан гъуэгу тохьэ. Егъэзэж и щхьэ дыдэр щыфыехэлъадэ тэта ищхьэрэкlэ. Ауэ иджы и ятпэ ежьэгъуэм хуэдэхьэм. Кlэщlи и гъуэгур. Ilю Волгодонск нкlи, мы лъабакъуитlым укlуэу укъэкlуэжьынымкъльыр?!

Я бжэщхьэм льэсу щежьар машинэ мэхъу, кlуэрыкlуэм тету Мафlэгу мэ хъуж. Аргуэру машинэу кьыщlедзыщ. Икlэм-икlэжьым, льэжькабзэ зыкъщlыжьауэ, и льэр ирехулlэ Волгодонск плъэкlэ кьыщищтауэ щыта и фэтэрым. Ар зейм кьельэIуамэ, хьыбар иригъэщlаи сыти, Юрэ зыщlыпlэ къаплъэу кьуэсам хуэдэу кьосс. Ар Къамбот и жагъуэ хуэдэкъым. Хуейтэкъым и тхыльхэр кьыгъэщlикъэжу, гъэпщкlуэу зльэныкъуэ зригъэзыжьину. Iуэрэм зэрызигъэзар имыщlэрэ Юрэ кьыпэплъэ у, езыр еуэу кьэгъаззэ имыlэу е ежьэжьину. Арат зыкъ ирагъэкlи и нэ у, и псэу щызэдзлажьэхэм зэкърала псалъэ дахэ кьомым я уаэр?!

- Юрэ, ауэ жьыпатэкъым уэ ар сыщежьэжьым...

- Сытыр? Дэ Iэджи жьытlаш ущежьэжьым.

- Аракъым. А сыздэкlуэжьым саубдыщьыкlкlэ, кьызамыгъэгъэззэжьыкlэ хъуну зэрыжьыпlаращ зи гугъу сщlыр.

- Мисри, къэбгъэззэжаи хъарзынэу. Тэкlу сыкъызэрыгувара щыжьыпlэр?

- Хьэуэ, сэ сыкъыгъэтэкъым, ауэ... Юрэ, сэ унагъуэм срамыlэу хъунукъым. Уэ уощlэ, бжеслъуэ щытаи ар зыхуэдэр. Нэхъ Iеиж хъуащ иджы. Си нэт, си псэт сыбдэлэжьэныи, ахъшэ сызыхъэкlыжри си гум пыкlыкрыбым. Ауэ аращ уэрэ сэрэ дыззрыззэдэлэжьжьынур.

А къэгъэжьlэжькlэ къыгъэнат Къамбот ахъшэ зыдищlу щыта и лэжькъгъур. Апхуэдабзэу Таганрог кlуэ уэ Васильевми щыкlебгъэдэжькlэ хуейт. Ауэ а ар Iуэхутэкъым, щыкlуэжжlэ Iухьэнт.

Нэжьышхьэм, щхьэжьи лъакъ уэжlи зэрыжьаlэ у, зрет - паспортыр кьитхыкlыжьым, военкоматым щlэлъ и тхыльхэр кьыщlэжьыжьым мурад иlэу докl пщэдджьжьым жьыуэ. Мыпхуэдэ Iуэху кьызыпlелъкъуэжlамэ, Iуэхушхуэракъэ, узыхуейр, уи Iуэхумкlэ зызыхуэбгъэзэну лэжьакlуэр и лэжьапlэм занщlэу щыбгъуэтыркъым. Паспортым щхьэкlэ здэкlуар щlэстэкъым. И къжlуэгъуэ мыхьуауэ Жаlэри, сыхьэт пщыкlутlи пщlонд э пэплъэн хуей хьуащ. Къэкlуакъым сыхьэт пщыкlутlи щыхъуми. Жаlащ кьыщыгувэ щыlэ у. А «щыlэм» сыту жу уэзт Къамбот т щыкlуэ дыдэм! Сыгъми, зэ къэсщ зы фыз фlыщlэ Iувышхуэ, гугъу дехьу и бжьр Iуэкlыбзэмкlэ Iуихрэ щыхьащ. Къамбот абы занщlэу кlэльыщlыхьэну кьригъэжlауакъым. Щыхуб т, зыхэфlихьиу, и гъудж Iуэху тlэкlуэрэ зэфlигъэкlыу, и сто1ым пэрытlыхьэну Iэмал е тын хуейт. Апхуэдэу абгъуэу сощ жиlэу бжэм кlэрытурэ мыдрейр кьыщlокlыжри, гъунэгъу пэщыкlэ щlохъэ. Къамбот абы хуэзгуэпащ: и бжэм кьыкlэрытыр кьыззэрыхуейр ещlэ, кьигъанэу щхьэ екъэжа?! Щlалэм зэрыщlыкlур ильагъу хьуртэкъым, ирещlыхухьу, ирещlых уб3, щыкlу Iувхэр. Ахэр щхьэхынэ, зыгъэззэгуей, Iуэху кlыхь хьу зэрахабзэми и закъэжьым, фэ Iувыжьхэщ, узыхащlэркъым, уэзэкащlыкlыркъым! Поплъэри поплъэ, поплъэри поплъэ, кьыщlэжьыкрыкъым «фэ Iувыжьыр». Хуэмыжьыжьу здэщытым, ар зыщlыжьа тэшьыж и бжэр Iуе. Щlыхьэм, щытурэ, зэрыхьуар имыщlэу Iуех. Iуэху тепсэльыхьэм, хэт ищlэн, ауэ кьыщlыхьуащ уэрщэру щыс кьудейуэ.

- Уэ дыпх уейуэ арат...

- Кьысрепплъэ, сынищlэкlыжьнуу!

Тхъэм щхьэкlэ, абы и ужькlэ кьыщlокlыжьм, зимыгъэгувэжу. Макlуэри, и деж щlопщхьэ, кьыщlыхьи сыти жимыlэу. Кlэльыщlохьэ. Жреlэ нышэдибэ льаидзэ и льакъуэкъэр чэзуэ гъэпсэхуэрэ зарыригъэпсэхуу и бжэм щыIутыр. И стlолыщхьэм тель тхылъымпlэхэр зэрригъэзахуэу хуэзати, сытми, зэеухри, кьыхудопсэльеи, уэ мыгъ уэри дежэ укъыскъуэукlыт нобэ, жьыуlэу, фlэмыфlыщэ-фlэмыфlыщэ у. Фlэмыфl кьудей мыхъу у, ар абы кьехьэлъэкlыу кьыпфlэщlырт, ухуейм?:

- Уэ военкоматым я учетым ущытхъ?

- Сыщытщ...

- Нтlэ, ущытмэ, ятпэ щыкlэ мис абы зыкърегъэхыж. Сэ уэ уи паспортыр пхуистхыкlыжу, уи щыкlэ къ урыкъуу узутlыпщыжьи уи гугъэмэ, ущоуэ. Хуэд фохьу фэ ар имэм мыкlуэн щхьэкlэ Iэмал хуекlуэхэр!

* * *

Къамбот гуэрыр зэгуоп, зэгуэпыкlейуэ: сытым щыщу кьриупщlа а къомыр, кlуэрыкlуэм тету! Ятпэ щыкlэ зэхэгъэкlын хуейкъэ а жьыпlэ-зэ щхьепlэм ахэр кьылъэжьрэ?! Дапщэ Къамбот армэм мыкlуэну зыщигъэпщкlуар? Сывгъакlуэ, жиlэу щамыгъэкlуар дэнэт, Саратовт хьэмэрэ Энгельс кьалэм щыщыlарат? Арати, кьыщlокlыж, нэжэгужагъэ тэкlу нышэдибэ ятlам щыщу зыри кьыхуэмыынэжауэ. Арянщатэнэс, зэгуэпсыкlи имыlэ нэхьей, игу кьокl: мис апхуэдэ щыху икlэхэм уаlуоуэри, уи махуэр мэкlуэд, Iуэхум хуиlэ жэрдэмри дэкlуэу. Абы щхьэкlэ щыхур ягъэпщынэу щытамэ арат. Ауэ ящфядзи, зы сом кьыпlэкlуэ кlуэнт мы фы1увыжьым нобэ кьрищlам. Ягъэпшынэрэкъым!

Военкомат здэкlуам зыщыIущlар нэгъуэщl щыхуэт. Бжэм щытеуIам «къакlэ»!- жиlэу зыщlдхьа пэшым щlэзыщlа щlалэр телефонкlэ псальэр-ти, зэт, жрнlэщ зэпсальэми, кьэтэджащ.

- Кьеблагъэ!

Абы и дамэтелым зэбгъурыту ирикlуэ щlуугъэнэ кусэтlым я зэхуакум хуэзэу зы вагъуэ мыин-мыщlыкlу кьытещырт. Къамбот тутнакъщым кьыщlищlауэ ищlэрт абы кьикlыр - щlалэр майорт А майорым жреlэ кьыщlэкlуар. Ар абы игу ирихьэркъым:

- Дэ армэм дгъэкlэнуэр дрикъуркъым, уэ удутlыпщыжьну ара?

Ар жиlэри, майорым Къамбот и тхылъхэр кьилъхьуэу щlидзаш. Кьилъхьуащ куэдрэ. Игъуэтрэтэкъым, Къэувыщщ хэгупсысыхьауи, и стlол кьыдэгъэжьым зыгуэрхэр аргуэру кьыдихри, зэ зэпплъам кьытригъэззэжрэ жьыпlэу, егупуу щlипщытыкlаш. Ар кьыщlитэ дыдэм и деж щигъэтlыльыжри, и щхьэр кьиlэташ:

- Мыр дауэ?! - бэлъхъэхуа майорыр Къамбот кьепльащ, а имыгъэтыр щlимыгъэтыр зи «дауэ» абы нэхъ ищlэ хуэдэ. - Згъэуэтрккъымми уи карточкэр. Кьызыщlэздзыжьрэ, сахольыхьухъ тхылъхэм, армэм кьикlыжьахэм яй нэгъунэ сызыхъэмслъхьэхъхьа кьэзгъэнэжакъым.

Ар зыгуэркlэ сэбэп кьыхуэхъу и гугъэжу кьыщlэкlынт, кьэтэджкуэ э йокlуекlкъокlуеI.

- Догу эт, - жиlэри, зыгуэр игу кьыззэрыкlыжар Iупщlу, тlысыжащ. Кьэтэджыкщ ар-гуэрри, жиlаш:

- Догу э, догуэ, догуэ!..

Икlи, а и «догуэр» зэрыщlэнмыгъэту, планэпэм дэт сейфыщхьэм тель тхылымпlэ Iэмыщlакlуэр кьытрихщ, зы кьахихгъуатэри, и пащхьэ кьитт щlалэм жьэхэплъащ:

- Мыр ло, ныбжьэгъу, мы кьыдэпщlэхэр зищlысыр?!

- Сыт фэсщlэр?

- Махущ хъуащ укьызэрыгтlыхьыуэрэ, щхьэ зытщыбгъэпщкlурэ?!

- Зыфщыгъэзэпщкlуркъым. Сэ а махуэхэм сыкъэтащ!

Ар жиlэщ, кьригъажьэри, Къамбот а кьыщlэтри и Iуэхур зэрыщlыгри кlэщlу гуриГъэIуащ. Кьэгубжь пэта майорым зыззтриубыдэжри, Iэдэбу кьепсэльащ.

- Занщlэу уи тхылъхэр щlэзмыгъэтэгар пщэдджьмщlкlэ здэгъэкlэжм ущащlти, щхьэхъуэу дгъэтlылъати аращ.

- Ар дауэ, иджы армэ дэкlыгъуэ-тlэ, гъатхэкъым, бжьыкъэкъым, зэрыжаlэу.

Майорыр пыгуфlыкlащ:

- Бжьыхьэщ, сыт щlэмзбжьыхьэр... Мыр дэ щхьэхъуэ дгъакlуэу аращ, хэхауэ... Зи кlуэгъуэу блэкlаехр. Кlуэжи, зыгъэкъэзыщ.

- Мо ди унагъэм сакъыззэрыхъэкlа щыкlэр бжесlащ, абы зэ згъэззэжу, салымыбгъэззэжу хъунукъым!

Ар кьызыихкари Къамбот кхьх уэмыщlэу, военкоматым лэжьакlуэр и пlэм абы кьищlащ:

- Уэ уи хьунымрэ мыхъужнумрэ дяпэ и лъсищlкlэ зи Iуэхур уэракъым, дэращ! - кьыщщыщlыхьам щыхуфlыфэ зрипlлъа майорым и псальэр кlэщlт, ткlипт, ухат, пыплъхьэни пыпхьэни щымыlэжу.

Къамботи нужь ихьэжакъым абы и псальэм пильхьэжьи хьэмэрэ пихьжьнIауэ. Къигъэкlэрахъуэри кьыщlэкlыжащ, кьыlэщlильхьа тхылъымпlэ кlапэр щыIыгъу. А кьыжрри, щlэрат абы итри - пщэдджьмщlкlэ пщэдджьжьым сыхьэтипщlым дээм зэрыдэкlынум хуэхьэзыыру военкоматым екlуэлIэн хуейт! Ауэ ещlэ хуейтэжьым.

Кьыздэкlуэжам, нэгъэщl зы тхылымпlи кьыщратыжащ.

- Нышэдибэ ущыщlэкlари уэзэрыщlэкlари дымыщlэу ущlэкlа хуэат... Повесткэ уи1щ армэм. Укъальхъуауащ, щхьэ кьыызэрыкlуэгъуэ кьыззэкlэлъыкlуащ мы махуэхэм, уагъэтакъым.

Къамбот кьашия тхылымпlэ кlапэр кьыlихащ, гуапагъэ лъэпкъ кэмыльу Iэбэри. Ар абы нышэдибэ кьритауэ щыташ, щыдэкlыну махуэр блигъэкlынти, имыщlэхъаlа хуэдэу, кlуэнт военкоматым. Кlэльаущэжьну кьыщlэкlынтэжьым, кьыкlэрыхуа хьуамэ, ежьэн екъжьхэмэ. Иджы сыт, яубыдащ. Къратыжьркъым и тхылъхэр. Къамбот, зиумысыжьнщи, зэгуэр абы хуеями, зригъэпхьэ, зы сом кьыкlуэжьамэ, мызыгъуэгъкlэ армэ лъэпкъ хуеижтэкъым. Нэгъуэщlт и щхьэм ильыр. Шокъущ жиlэу ардыдэм ирихьэлlэуи кьыззэрыкlужаеI! И ныбжькlи и армэ кlуэгъуэм тlэкlу щыщlэзыдэкlэ, кьэнтэнкlэ хъэ, ямыщхьэу. Бет эмал, зашщlэу кьемыжьэжу, унэщlэ ящlынум и чырбышlэжьым хэтамэ, хьарзынэ хуэат Мо льбэкъуитlым ло, жиlэу кьежьар, пlащlрукъэ ящlэу зы вагъуэ мыин-мыщlыкlу кьытещырт. Къамбот тутнакъщым кьыщlищlауэ ищlэрт абы кьикlыр - щlалэр майорт А майорым жреlэ кьыщlэкlуар. Ар абы игу ирихьэркъым:

- Дэ армэм дгъэкlэнуэр дрикъуркъым, уэ удутlыпщыжьну ара?

Ар жиlэри, майорым Къамбот и тхылъхэр кьилъхьуэу щlидзаш. Кьилъхьуащ куэдрэ. Игъуэтрэтэкъым, Къэувыщщ хэгупсысыхьауи, и стlол кьыдэгъэжьым зыгуэрхэр аргуэру кьыдихри, зэ зэпплъам кьытригъэззэжрэ жьыпlэу, егупуу щlипщытыкlаш. Ар кьыщlитэ дыдэм и деж щигъэтlыльыжри, и щхьэр кьиlэташ:

- Мыр дауэ?! - бэлъхъэхуа майорыр Къамбот кьепльащ, а имыгъэтыр щlимыгъэтыр зи «дауэ» абы нэхъ ищlэ хуэдэ. - Згъэуэтркъымми уи карточкэр. Кьызыщlэздзыжьрэ, сахольыхьухъ тхылъхэм, армэм кьикlыжьахэм яй нэгъунэ сызыхъэмслъхьэхъхьа кьэзгъэнэжакъым.

Ар зыгуэркlэ сэбэп кьыхуэхъу и гугъэжу кьыщlэкlынт, кьэтэджкуэ э йокlуекlкъокlуеI.

- Догу эт, - жиlэри, зыгуэр игу кьыззэрыкlыжар Iупщlу, тlысыжащ. Кьэтэджыкщ ар-гуэрри, жиlаш:

- Догу э, догуэ, догуэ!..

Икlи, а и «догуэр» зэрыщlэнмыгъэту, планэпэм дэт сейфыщхьэм тель тхылымпlэ Iэмыщlакlуэр кьытрихщ, зы кьахихгъуатэри, и пащхьэ кьитт щlалэм жьэхэплъащ:

- Мыр ло, ныбжьэгъу, мы кьыдэпщlэхэр зищlысыр?!

- Сыт фэсщlэр?

- Махущ хъуащ укьызэрыгтlыхьыуэрэ, щхьэ зытщыбгъэпщкlурэ?!

- Зыфщыгъэзэпщкlуркъым. Сэ а махуэхэм сыкъэтащ!

Ар жиlэщ, кьригъажьэри, Къамбот а кьыщlэтри и Iуэхур зэрыщlыгри кlэщlу гуриГъэIуащ. Кьэгубжь пэта майорым зыззтриубыдэжри, Iэдэбу кьепсэльащ.

- Занщlэу уи тхылъхэр щlэзмыгъэтэгар пщэдджьмщlкlэ здэгъэкlэжм ущащlти, щхьэхъуэу дгъэтlылъати аращ.

- Ар дауэ, иджы армэ дэкlыгъуэ-тlэ, гъатхэкъым, бжьыкъэкъым, зэрыжаlэу.

Майорыр пыгуфlыкlащ:

- Бжьыхьэщ, сыт щlэмзбжьыхьэр... Мыр дэ щхьэхъуэ дгъакlуэу аращ, хэхауэ... Зи кlуэгъуэу блэкlаехр. Кlуэжи, зыгъэкъэзыщ.

- Мо ди унагъэм сакъыззэрыхъэкlа щыкlэр бжесlащ, абы зэ згъэззэжу, салымыбгъэззэжу хъунукъым!

Ар кьызыихкари Къамбот кхьх уэмыщlэу, военкоматым лэжьакlуэр и пlэм абы кьищlащ:

- Уэ уи хьунымрэ мыхъужнумрэ дяпэ и лъсищlкlэ зи Iуэхур уэракъым, дэращ! - кьыщщыщlыхьам щыхуфlыфэ зрипlлъа майорым и псальэр кlэщlт, ткlипт, ухат, пыплъхьэни пыпхьэни щымыlэжу.

Къамботи нужь ихьэжакъым абы и псальэм пильхьэжьи хьэмэрэ пихьжьнIауэ. Къигъэкlэрахъуэри кьыщlэкlыжащ, кьыlэщlильхьа тхылымпlэ кlапэр щыIыгъу. А кьыжрри, щlэрат абы итри - пщэдджьмщlкlэ пщэдджьжьым сыхьэтипщlым дээм зэрыдэкlынум хуэхьэзыыру военкоматым екlуэлIэн хуейт! Ауэ ещlэ хуейтэжьым.

Кьыздэкlуэжам, нэгъэщl зы тхылымпlи кьыщратыжащ.

- Нышэдибэ ущыщlэкlари уэзэрыщlэкlари дымыщlэу ущlэкlа хуэат... Повесткэ уи1щ армэм. Укъальхъуауащ, щхьэ кьыызэрыкlуэгъуэ кьыззэкlэлъыкlуащ мы махуэхэм, уагъэтакъым.

Къамбот кьашия тхылымпlэ кlапэр кьыlихащ, гуапагъэ лъэпкъ кэмыльу Iэбэри. Ар абы нышэдибэ кьритауэ щыташ, щыдэкlыну махуэр блигъэкlынти, имыщlэхъаlа хуэдэу, кlуэнт военкоматым. Кlэльаущэжьну кьыщlэкlынтэжьым, кьыкlэрыхуа хуэмэ, ежьэн екъжьхэмэ. Иджы сыт, яубыдащ. Къратыжьркъым и тхылъхэр. Къамбот, зиумысыжьнщи, зэгуэр абы хуеями, зригъэпхьэ, зы сом кьыкlуэжьамэ, мызыгъуэгъкlэ армэ лъэпкъ хуеижтэкъым. Нэгъуэщlт и щхьэм ильыр. Шокъущ жиlэу ардыдэм ирихьэлlэуи кьыззэрыкlужаеI! И ныбжькlи и армэ кlуэгъуэм тlэкlу щыщlэзыдэкlэ, кьэнтэнкlэ хъэ, ямыщхьэу. Бет эмал, зашщlэу кьемыжьэжу, унэщlэ ящlынум и чырбышlэжьым хэтамэ, хьарзынэ хуэат Мо льбэкъуитlым ло, жиlэу кьежьар, пlащlрукъэ ящlэу зы вагъуэ мыин-мыщlыкlу кьытещырт. Къамбот тутнакъщым кьыщlищlауэ ищlэрт абы кьикlыр - щlалэр майорт А майорым жреlэ кьыщlэкlуар. Ар абы игу ирихьэркъым:

- Дэ армэм дгъэкlэнуэр дрикъуркъым, уэ удутlыпщыжьну ара?

Ар жиlэри, майорым Къамбот и тхылъхэр кьилъхьуэу щlидзаш. Кьилъхьуащ куэдрэ. Игъуэтрэтэкъым, Къэувыщщ хэгупсысыхьауи, и стlол кьыдэгъэжьым зыгуэрхэр аргуэру кьыдихри, зэ зэпплъам кьытригъэззэжрэ жьыпlэу, егупуу щlипщытыкlаш. Ар кьыщlитэ дыдэм и деж щигъэтlыльыжри, и щхьэр кьиlэташ:

- Мыр дауэ?! - бэлъхъэхуа майорыр Къамбот кьепльащ, а имыгъэтыр щlимыгъэтыр зи «дауэ» абы нэхъ ищlэ хуэдэ. - Згъэуэтркъымми уи карточкэр. Кьызыщlэздзыжьрэ, сахольыхьухъ тхылъхэм, армэм кьикlыжьахэм яй нэгъунэ сызыхъэмслъхьэхъхьа кьэзгъэнэжакъым.

Ар зыгуэркlэ сэбэп кьыхуэхъу и гугъэжу кьыщlэкlынт, кьэтэджкуэ э йокlуекlкъокlуеI.

- Догу эт, - жиlэри, зыгуэр игу кьыззэрыкlыжар Iупщlу, тlысыжащ. Кьэтэджыкщ ар-гуэрри, жиlаш:

- Догу э, догуэ, догуэ!..

Икlи, а и «догуэр» зэрыщlэнмыгъэту, планэпэм дэт сейфыщхьэм тель тхылымпlэ Iэмыщlакlуэр кьытрихщ, зы кьахихгъуатэри, и пащхьэ кьитт щlалэм жьэхэплъащ:

- Мыр ло, ныбжьэгъу, мы кьыдэпщlэхэр зищlысыр?!

- Сыт фэсщlэр?

- Махущ хъуащ укьызэрыгтlыхьыуэрэ, щхьэ зытщыбгъэпщкlурэ?!

- Зыфщыгъэзэпщкlуркъым. Сэ а махуэхэм сыкъэтащ!

Ар жиlэщ, кьригъажьэри, Къамбот а кьыщlэтри и Iуэхур зэрыщlыгри кlэщlу гуриГъэIуащ. Кьэгубжь пэта майорым зыззтриубыдэжри, Iэдэбу кьепсэльащ.

- Занщlэу уи тхылъхэр щlэзмыгъэтэгар пщэдджьмщlкlэ здэгъэкlэжм ущащlти, щхьэхъуэу дгъэтlылъати аращ.

- Ар дауэ, иджы армэ дэкlыгъуэ-тlэ, гъатхэкъым, бжьыкъэкъым, зэрыжаlэу.

Майорыр пыгуфlыкlащ:

- Бжьыхьэщ, сыт щlэмзбжьыхьэр... Мыр дэ щхьэхъуэу дгъакlуэу аращ, хэхауэ... Зи кlуэгъуэу блэкlаехр. Кlуэжи, зыгъэкъэзыщ.

- Мо ди унагъэм сакъыззэрыхъэкlа щыкlэр бжесlащ, абы зэ згъэззэжу, салымыбгъэззэжу хъунукъым!

Ар кьызыихкари Къамбот кь

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

(КIэухыр. ПщIэдзэр №20-м итщ).

Джылахъстэн: Хьэуэ, Сосрыкъуэ, а уэ уэзрыгугъэм хуэдэу Гуэхур зэфIэкIыркъым. КъэфэкIэрэ ефакIэрэ уIэзэрэ лIыгъэ пхэмылъыжмэ щауэ ухъунукъым. Уэ лIыгъэ уиIэмэ, Бэдынокъуэ къетъэгъазэ. Ар губжьауэ дэкIыжащи, къэшэжьфи си пхъум ухуэфащэщ.

Сосрыкъуэ: Хъунщ. *(Сценэм йокI, зэуэ и шы лъэмакъыр къоIу).*

Джылахъстэн: Хъуащ иджы си Iуэхур. А тIур зэфIэнэнщ, Бэдынокъуэр къеуэнщи Сосрыкъуэ къриудынщи, си пхъур сызыхуейр нарт щауэм естынщ. *(Сосрыкъуэ и шы лъэмакъыр зэхэфри, езыми и гур зэгъауэ йокI сценэм. КIыфI мэхъури, сценэм адэкIэ афгуэрIу шитIым я лъэмакъ къоIу. Нэху мэхъужри, Сосрыкъуэрэ Бэдынокъуэрэ сценэм къохьэ).*

Сосрыкъуэ: Бэдынокъуэ, уэрэ сэрэ зэгъыпхъуитIым драбынщ. Уэрэ сэрэ нарт Джылахъстэн къыддоджэгу. Ди лIыгъэр хуэдгъэгъэнахуэ абы. Зыри зэрымпэс Бэдэхуи къедгъэхьэжьэ.

Бэдынокъуэ: Содэ, ауэ и быдапIэм дауэ дыдыхьа хъуну? И бжэр гъэбыдадащ.

Сосрыкъуэ: Пльагъурэ, Бэдынокъуэ, аргуэру дыкъигъэпцIауэ араща Джылахъстэн. Дригъэбдлэгъэн дэнэ къэна, и пщIантIэ дыдигъэхъэн къыдипэсакъым.

Бэдынокъуэ: АтIэ, иджы сыт тщIынр?

Сосрыкъуэ: ТщIэнуращ, быдапIэр къэдувыхьынщи я зы Iэхъуи, я зы шыхъуи къыддэгъэпльынкъым, я зы мэшыщIи, я зы мэзаХуи къыдэдгъэкIынкъым.

Бэдынокъуэ: Дэгъуэщ. *(Сосрыкъуэрэ Бэдынокъуэрэ зэзэщIат щIыпIэр кIыфI мэхъу, лъэныкъуэкIэ нэху тредзэри, абы щыбольдагъу Джылахъстэнрэ Бэдэхурэ зэпсалъэу).*

Джылахъстэн: Лъэпщ щабзитI егъэщIатти, зыр Сосрыкъуэ зэпиудащ.

Бэдэху: ШабзитI зэрырыпщIынур сыт?

Джылахъстэн: Мобдеж щытитIыр пльагъурэ?

Бэдэху: Сольагъу.

Джылахъстэн: АтIэ, а шабзитIыр щIезгъэщIар а тIур иризукIыну аращ. Зы шабзэщ къэнэжари, абыкIэ зыщ схуэхькIынур. Хэдэи, кызэжеIэ псэууэ къэбгъэнэнэр.

Бэдэху: Мо нэхъ цыкIур укI. Ар Сосрыкъуэщи, сэ абы сыхуейкъым. Сэ сызыхуейр мо нэхъ лъагэрщ, Бэдынокъуэращ.

(Джылахъстэн и шабзэр ешэщI, едэри, зытехуэр Бэдынокъуэщ. Ар мэукIуриири, Сосрыкъуэ ирелъэфыж: «Сэ уэ сыпхурикъунщ, Джылахъстэн», - жиIэуэ. КIыфI мэхъу, нэху мэхъужри сценэм итыр Джылахъстэнрэ Бэдэхурэщ).

Бэдэху: БукIар Бэдынокъуэщ, къэнар Сосрыкъуэщ. Сосрыкъуэ бзаджэщ дыкъелынкъым.

Джылахъстэн: Пэжщ жыпIэр. Махуищ хуауэ быдапIэм псы къекIуэлIэжыркъым, Сосрыкъуэ Iуищ Iащи.

Бэдэху: АтIэ, быдапIэм дэсыр дауэ хъурэ?

Джылахъстэн: КъезгъэтIауэ щыта псыкъуийм щыщ йофэхэр.

Бэдэху: Ар нэгъуэщI Iэмалхэм хуекIуэнущ.

Джылахъстэн: А ерыщым си тIасхъэр кымыщIауэ пIэрэ?

Бэдэху: Сыт уи тIасхъэр, си адэ?

Джылахъстэн: Испыхэм си щхьэр зэгуэудауэ щытащ, а лъэныкъуэр Дьэпщ гъуэпалъэкIэ егъэзджыкащ. Хуабащэ хъумэ, гъуэпльэр ткIунущ.

Бэдэху: Сосрыкъуэ сыт хуещIэфынур абы?

Джылахъстэн: Сосрыкъуэ Iэмалышащ, хуабэ, уае. къетъэхъуф.

Бэдэху: АтIэ дауэ хъуну уи тIасхъэр къищIамэ?

Джылахъстэн: Хуабэ къыдищIэкIмэ, псыкъуийм щIыIэтыIэм сехьнщ, уае ищIмэ, щIакIуищэ зытеспхъэнщ.

Бэдэху: Сосрыкъуэ дэфIэкIа Iуэху имыIэу дунейм тет, IукIыжа хъунщ.

Джылахъстэн: Си фIэщ хъуркъым.

Бэдэху: БыдапIэм Iулъ абрэмывэр Iуегъэхи егъэплъ.

Джылахъстэн: Хьэуэ, хьэуэ, Сосрыкъуэ бзаджэщ, зы къуэгъэнапIэ гуэр къыкъуэкIунщи, дымыщIэхэхэу къыттеуэнщ.

Бэдэху: БыдапIэм дэс цIыхури, дэт Iэщри зэтелIэнщу абы фIэкIмэ.

Джылахъстэн: Хъунщ. Сосрыкъуэ.

Бэдэху. Сыту Iейуэ уигъэщта хуэдэ Сосрыкъуэ!

Джылахъстэн: Хъунщ-тIэ, абрэмывэхэр Iурахи дрырекI цIыхури Iэщри.

(КIыфI мэхъу, нэху мэхъужри) Iэхъуэ щIалэр къолъадэ).

Iэхъуэм: Зи щIыхьыр ин, губгъуэм хьэдэ къидгъуэтащи, Сосрыкъуэу гурыщхъуэ дощI.

Джылахъстэн: АIэ-нэпщI зищIауэ аращ абы.

Iэхъуэм. Хьэуэ, лIащ. КъызэддэкIат, нызэддэкIыжати, псэ лъэпхъ хэтыжкъым, и Тхъуэжьейри щхьэщытщ. НакIуэ, уедгъэпльынщ.

Джылахъстэн: АтIэ, ауэ сытми, сыкIэнти сэ абы!

Бэдэху: Ар дауэ хъун, на? Сосрыкъуэ апхуэ-дэлIкъым лIагъэфэ зытригъауэу губгъуэм ильынщ. Сыту Iейуэ уи псэр хиуда уэ Сосрыкъуэ, абы и хьэдэ къудеим ущыщщтэкIэ. ФынакIуэ, сэ сепдъынщ.

Джылахъстэн: Хьэуэ, си хъыджэбэ, уэ укIуэ хъунукъым абы. Сэ ар лIарэ мыдIарэ зэхэзгъэкIынщ. Мис мы брур здэфхь, Сосрыкъуэ и лъэгу дыгъуэр фугъуэни и лъэдий кущIым щыщ къысхуэфхь.

Iэхъуэм: Си Iуэхущ брум Iуэхур зэхимыгъэкIмэ. *(Iэхъуэр йокI).*

Бэдэху: Сосрыкъуэу пIэрэ ар зи хьэдэр?

Джылахъстэн: КъэтщIэнкъэ. *(Iэхъуэр кьолъэдэж лъэдий кущIыр иыгъыу).*

Джылахъстэн: Си фIэщ хъуркъым.

Бэдэху: БыдапIэм Iулъ абрэмывэр Iуегъэхи егъэплъ.

Джылахъстэн: Хьэуэ, хьэуэ, Сосрыкъуэ бзаджэщ, зы къуэгъэнапIэ гуэр къыкъуэкIунщи, дымыщIэхэхэу къыттеуэнщ.

Бэдэху: БыдапIэм дэс цIыхури, дэт Iэщри зэтелIэнщу абы фIэкIмэ.

Джылахъстэн: Хъунщ-тIэ, абрэмывэхэр Iурахи дрырекI цIыхури Iэщри.

(КIыфI мэхъу, нэху мэхъужри) Iэхъуэ щIалэр къолъадэ).

Iэхъуэм: Зи щIыхьыр ин, губгъуэм хьэдэ къидгъуэтащи, Сосрыкъуэу гурыщхъуэ дощI.

Джылахъстэн: АIэ-нэпщI зищIауэ аращ абы.

Iэхъуэм. Хьэуэ, лIащ. КъызэддэкIат, нызэддэкIыжати, псэ лъэпхъ хэтыжкъым, и Тхъуэжьейри щхьэщытщ. НакIуэ, уедгъэпльынщ.

Джылахъстэн: АтIэ, ауэ сытми, сыкIэнти сэ абы!

Бэдэху: Ар дауэ хъун, на? Сосрыкъуэ апхуэдэлIкъым лIагъэфэ зытригъауэу губгъуэм ильынщ. Сыту Iейуэ уи псэр хиуда уэ Сосрыкъуэ, абы и хьэдэ къудеим ущыщщтэкIэ. ФынакIуэ, сэ сепдъынщ.

Джылахъстэн: Хьэуэ, си хъыджэбэ, уэ укIуэ хъунукъым абы. Сэ ар лIарэ мыдIарэ зэхэзгъэкIынщ. Мис мы брур здэфхь, Сосрыкъуэ и лъэгу дыгъуэр фугъуэни и лъэдий кущIым щыщ къысхуэфхь.

Iэхъуэм: Си Iуэхущ брум Iуэхур зэхимыгъэкIмэ. *(Iэхъуэр йокI).*

Бэдэху: Сосрыкъуэу пIэрэ ар зи хьэдэр?

Джылахъстэн: КъэтщIэнкъэ. *(Iэхъуэр кьолъэдэж лъэдий кущIыр иыгъыу).*

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

● ЕджакIуэхэм папщIэ

Сосрыкъуэ Бэдэху къыззиришар

Джылахъстэн: Мобдеж щытитIыр пльагъурэ?

Бэдэху: Сольагъу.

Джылахъстэн: АтIэ, а шабзитIыр щIезгъэщIар а тIур иризукIыну аращ. Зы шабзэщ къэнэжари, абыкIэ зыщ схуэхькIынур. Хэдэи, кызэжеIэ псэууэ къэбгъэнэнэр.

Бэдэху: Мо нэхъ цыкIур укI. Ар Сосрыкъуэщи, сэ абы сыхуейкъым. Сэ сызыхуейр мо нэхъ лъагэрщ, Бэдынокъуэращ.

(Джылахъстэн и шабзэр ешэщI, едэри, зытехуэр Бэдынокъуэщ. Ар мэукIуриири, Сосрыкъуэ ирелъэфыж: «Сэ уэ сыпхурикъунщ, Джылахъстэн», - жиIэуэ. КIыфI мэхъу, нэху мэхъужри сценэм итыр Джылахъстэнрэ Бэдэхурэщ).

Бэдэху: БукIар Бэдынокъуэщ, къэнар Сосрыкъуэщ. Сосрыкъуэ бзаджэщ дыкъелынкъым.

Джылахъстэн: ПэжщжыпIэр. Махуищ хуауэ быдапIэм псы къекIуэлIэжыркъым, Сосрыкъуэ Iуищ Iащи.

Бэдэху: АтIэ, быдапIэм дэсыр дауэ хъурэ?

Джылахъстэн: КъезгъэтIауэ щыта псыкъуийм щыщ йофэхэр.

Бэдэху: Ар нэгъуэщI Iэмалхэм хуекIуэнущ.

Джылахъстэн: А ерыщым си тIасхъэр кымыщIауэ пIэрэ?

Бэдэху: Сыт уи тIасхъэр, си адэ?

Джылахъстэн: Испыхэм си щхьэр зэгуэудауэ щытащ, а лъэныкъуэр Дьэпщ гъуэпалъэкIэ егъэзджыкащ. Хуабащэ хъумэ, гъуэпльэр ткIунущ.

Бэдэху: Сосрыкъуэ сыт хуещIэфынур абы?

Джылахъстэн: Сосрыкъуэ Iэмалышащ, хуабэ, уае. къетъэхъуф.

Бэдэху: АтIэ дауэ хъуну уи тIасхъэр къищIамэ?

Джылахъстэн: Хуабэ къыдищIэкIмэ, псыкъуийм щIыIэтыIэм сехьнщ, уае ищIмэ, щIакIуищэ зытеспхъэнщ.

Бэдэху: Сосрыкъуэ дэ Iэхъуэм: Зи щIыхьыр ин, къэтхьащ жьыхуэпIар.

Джылахъстэн: Къащтэт. *(Епльщ-епльри):* Хьэуэ, Сосрыкъуэ лIакъым, псэущ.

Бэдэху: *(И адэм иЫгъым итлъэри):* Сыт-на, жьпIэр? Мыбы къыхих мэр зыхэпщIэркъэ? ЛIэри фыжакIэ си тхьэлъанэщ!

Iэхъуэм *(Джылахъстэн щIэнакIуэ):* Ар лIарэ мыдIарэ къэпщIэнщ уи лъэгу дыгъуэр брукIэ умыхьейуэ дыгъэугъуэни.

Джылахъстэн: ПсомилIауэ щыжьфIэкIэ, фынакIуэ, девгъэпльъ. А жэмыхъуэрыльхъу бзаджэм и хьэдэр губгъуэ псынэм деж щыдмыгъэлъу мэзым тхьынщи, хьэкIэккъуэкIэхэм зэпхредгъэтхъынщ, армыхъумэ, абы и хьэдэмэ къысщIихьэу сэ дунейм сытетыфынукъым.

(Сценэр кIыфI мэхъу, нэху мэхъужри, Сосрыкъуэ и хьэдэм щхьэщытхэщ, къызэрагъэдзэкI, ныззэрагъэдзэкIри).

Джылахъстэн: Уий, емынежьу нартхэм къытхьхьа, сыт пщIэжьи иджы? Губгъуэжьым уофыхэри уильщ. Тхъэгъэлэдж и шэмэджым Лъэпщ къыпхухущIыкIа джатэ дэ дыдзэрыбгъэшынэу щытаРи къыпщIэнкIа дзнжьри сыСей сыхуакъэ.

(Сосрыкъуэ и джатэр къищтэну щеIэбыхым, ар къыщIылъэтри, Джылахъстэн къэштар Iэпхлъэпх иицIий, Iэхъуэр щIэпхъуэжаш. Бэдэху чэщанаищхъэм къеплъыхьу тести, абы егуоуащ):

Сосрыкъуэ: Ей, дахэ, куэдщ уэ нарт щауэхэм уи бжэIупэр зэребгъэуэбар.

(Сэрей щIыбагъым екIуэкIщ, Бэдэху къыпхуатэри, ежьэжащ. КIыфI мэхъу,нэху мэхъужри, сценэм итщ Сосрыкъуэ, Бэдэху, Къуийцыкъ).

КъуийцыкIу: Iэу, Сосрыкъуэ, нарт щауэхъуэм къаймыхъуIар уи быпдIэм дэсу къэпхъаи!

Сосрыкъуэ: Бэдэху жьыхуаIэм зэ и нэгу сепльащрэт жьыпIэри ухъуэпсати, мис, зэпэпльыхь иджы!

КъуийцыкIу: Тхъэ-Iухудым и дахагъри си сыринэм къезгъэIуэтэнкъым.

(И сыринэр къищтэри, пшынальэ дахэр игъэIуащ, къуалэбзухэри къыдежьуащ. Пшынальэ макъым щIэту Iупхъуэр зэхуащIыжащ).

КЪАЛМЫКЪ Аднан.

(Шыпсэ)

Мэзым къыщыхъуар

ЕУЭРЭ екъэрэт, жи. Къедгъэжьэщ дэри ди таурыхъыр.

Зи адэр лIа щIалэм и пщэ къыдэхуат унагъыр ипIын хуейуэ. ЩакIуэ Iэзэу щыта и адэм ар игъэсат сыт хуэдэ хьэкIэхъуэжIэри псэущхэри къищIкIуфу.

Зэгуэрым щакIуэу мэзым здыщIэтым щIалэр щхьэхуэ зи лъакъуэр уIгъэ кIыж мыщэ шырым. Ар фIэгуэныхь мэхъу, и лъакъуэр хуепэри еутIыпщыж. ЩыIукIыжым, «Къысхуэпщ Iар Тхьэм пхузигъэщIэж», - жеIэ мыщэ щIыкIум.

Ильэс зытIущ дэкIауэ щIалэр мэзым здыщIэтым жьышхуэ къыкъуоури, абы кIигъэуа жыгыжьыр кытоукIуриие. ЩIалэр мэкIий, мэгъэ, и ажалыр къызэрысар кыгурыIуэжауэ. Ауэ кIии ятэт - хэт уэзхихьи? Мэзыжьыр дэгуци, щIалэм и макъыр езым зэхихьэж къудейщ. «Уэлэхьи, мис иджы солIэм», - щыжиIэ дыдэм ирихьэлIэу абы къыбгъэдохутэ мыщэшхуэ гуэр. Ар жыгым ийоЕ, тредзри, щIалэр хуит къещIыж.

ЩIалэр мыщэм йоплъ.

- Е Тхьэр арэзы кыпхухьуи! Уэр мыхьуамэ, си ажалыр къэсыпат. Сыт пхуэщIэн иджы сыкьыз зэребгъэлам щхьэкIэ? ЖыIэ, сыт хуэдэ?

- Сэ зыри сыхуейкъым, - жеIэ мыщэм. - Зэгуэр къыхсхуэпщIар пхуэщIэжауэ ара къудейщ. ПщIэжрэ, шэ зытехуа и лъакъуэр зыхуэппхауэ щыта мыщэ шырыр? Абы щыгъуэ уэ къэбгъэлъэгъуащ гущIэгъуэшхуэ зэрыпхэлъыр.

- Уэ щхьэ ущыгъуазэ абы? - йоупщI щIалэр.

- А мыщэ шырыр сэрат.

ЩIалэр къэIэнкунауэ абы здеплъым, модрейр мыщэ шыр щIыкIу мэхъуж. «Къэпщ Iэжа иджы?» - жеIэ абы.

- НтIэ, нтIэ, пэж дыдэщ жыпIэр!

Абы хэту модрейр хъыджэбз сэфэтым кьоувэ. Ар тхьэIухуду дахащт. «Сэ сыцIыху щIыкIущ, - жеIэ абы. - Ауэ уэ пхуэсщIа лъагъуныгъэм кыхсихльхат нэгъуэщI теплъэ кьыззрыщIэфын зэфIэкI. А зэфIэкIыр сызэриIэнур абы и щхэур сIуэтэхути, мис, иджы сызэрыщIауэ сыкъэзэнжащ.

ЩIалэр гуфIауэ мэIабэрэ, абы и Iэпщ евбыд. «Сэ уэ Тхьэм укъызитауэ арагъэнщи, Тхьэ пхузоIуэ сыпсэухукI фIыуэ усльагъэну, усльытэну».

Арати, ахэр зэщхьэгъуэз хъуну абдеж щызэгурыIуэри, кьежьажащ къуажэм къэкIуэжыну. Абыхэм худахащ хьэгъуэлIы-гъэщхэу.

ЗэрыжаIэмкIэ, ахэр иджыри а къуажэм щопсэу, насыпыфIэу, къуэбыщщэбын хьуаэ.

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

● Нэщэнэхэр

Iэгур шхэмэ...

■ **ХьэкIэ къызытеуа цIыхум и жагъуэ, гущIыхь щыхъуэн зыгуэр жепIэрэ къэбгъащтэмэ, щегъэтыж жаIэр.**

■ **IжьымкIэ щхьэщ натъэ къыщцепсыхмэ, хъыбарыфI къыпIэрыхьэну къаIытыпэрт.**

■ **ЩIэжьеим нэ трамыгъэхуну жаIэрти, псым кърамыха хьэмкIутIей пхъэшыку цIыкIу и пщэм рращIэрт.**

■ **Iэгур шхэмэ, ахьшэ кьытхэхъуэнуи жаIэрти, фIэрафIэм и натIэм щахуэрт.**

Псалъэзэблэдз

Екlуэкlыу: **7**. Гъатхэм пасэу кьэльэтэж кьуалэбзу. **10**. ФампIэ зиIэ хьэпщхупщ е цIыку нэжэгужэ, нэIурыт. **11**. Гъуэгум иIэ кумблъэмбжэр. **12**. Iэщ цIыкIу. **13**. Бдзэжьей зэрещэ. **14**. Шым и кIуэкIэ. **15**. Шым и фэ. **17**. Адыгэхэр Волгэ псым зэрелджэу щытар. **21**. Хуэныгъэм къыщагъэсэбэп ткIуатклуэ. **23**. Псы, тенджызэ гъунэ. **25**. ... топ е шэрхъ. **28**. Кьэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм я щIынальэхэм щежэх псы. **29**. ВакъэщIэ къыхуащIэхуар щIалэ цIыкIум ... щыхуащ. **30**. Мэлым къыстращыкIа цы щабэ. **33**. Адыгэ усакIуэшхуэ. Абы и цIэр Налшык и уэрамхэм ящыщ щым зэрехьэ. **34**. Адыгэ таурыхъэхэм уэзыщрихьэлIэ псэущхьэ шынагъуэ, къуажэм я псыр иубыдрэ цIыху иримыгъэкIуалIэу. **35**. Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **38**. Дагъыстэным щыпсэу лъэпкъ. Ди республикэми ахэр щымащIэкIэхьым. **39**. ГуфIэгъуэ Iэнэм нэхъыжьым хутралъхьэ лы Iыхьэ. **40**. Чы щIыкIэ къыумыгъэшмэ, ... хъуа нэужь кьыпхуэгъэшыжыркъым. **42**. Бжейм и жьыз. ЦIыкум яшх. **43**. Iув, зэщIэкIа. **45**. Адыгэ бзыльхугъэ уэрэджьыкIалIэу, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткIэ. **47**. АбыкIэ хьэм уеуэми, гъыркьым. **51**. ГъущIхэкI лIэужьыгъуэ. Адыгэм шыуан къыхащIыкIыу щытащ. **53**. ЦIыхубз щыгъын. **54**. Пхъэм къыхэщIыкIа бжэмышхышхуэ, и теплъэкIэ шынакъжьейм ещхьу. **56**. Кьуанщагъэ зыложьа цIыку. **57**. МафIэ бзий кьыдидзу, макъышхуэ ищIу уафэм кьыщоуэ. **58**. Адыгэ лъэпкъым и зы кьудамэ. **59**. Адыгэ шхыныгъуэ: нартыху гуа, хугу е прунж хуэдэхэм къыхэщIыкIауэ.

Къехьу: **1**. И щхьэ Iуэху дигъэкIын хьисэпкIэ, къуалыкъущIэм евбзэ, и Iуфэлъафэр къэзыжьыхь. **2**. ИльэситI-щым ит щыщIэ мыгъасэ. **3**. Автомашинэм, шыгум, е лъакъуэрыгъажэм щыщ Iыхьэ. **4**. Нартхэм я гуКIэ. **5**. Зыгуэр иракIутэн папщIэ яшыхьа тхьылымпIэ. **6**.ПкIэуэ къэзыкIуХь псэущхэ цIыкIу. **8**. ТхъуцIынэ щIэпхумэ, къанэр. **9**. Республикэм и мусылымэнхэм я Iэтащхьэм зэреджэр. **16**. Хьэпщхупщ шынагъуэ. **18**. Пхъэщхьэмыщхьэ. **19**. КIапсэ къызыхах къэкIигъэ. **20**. Iэрпхъуэр. **22**. СондэджэракIуэ зэжьэу щыта шыгу зэкIэпхьэужь гупым зэрелджэ. **23**. А къэкIыгъэр хущхъуэгъуэу къагъэсэбэп, афиняи къыхах. **24**. Унэм ибгъу. **26**. КIыщокъуэ Алим, Елгъэр Кашиф, Мэзыхэ Борис сымэ кьыщалъхуа къуажэ. **27**. Пшагъуэ Iув. **31**. Хьэпшыпи гуэрым хуагъэуув уасэ. **32**. Мэш хьэуазэ. **36**. Адыгэ уэрэдусу, уэрэджьыIакIуэ цIэрыIуэу щыта Тхьэбысым ... **37**. Зи нэхэр куууэ ис. **41**. ГъущI Iуэхум пыщIа Iащ Iагъэ. **42**. Чилэ пщыкIух. **44**. Гъущэ, псы зыщIэмыт. **46**. Гъыринэ. **48**. ... и жапIэр езым кьетъуэтыж. **49**. Пхъэ иригэгуаудын папщIэ къагъэсэбэп гъущI кIапэ. **50**. ... къэпхьыну ухуеймэ, зыкуэзфIэмыкIым дэIэпыкIу. **52**. Зи нэхэр зэблэпль. **53**. Тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм Iус адыгэхэм щэрджэсхэр, къэбэрдейхэр зэреджэр. **55**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **56**. Чы псыгъуэм кьыхэщIыкIа кумбыгъэ, нартыху кIэчанхэр иракIутэ хабзэу.

ЗэхащIыкьар **Бжэнышэрэ шэ хуабэрэ**



Мазаем и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екlуэкlыу: 1. Шэру. 6. Псыжь. 9. Рращыщ. 11. Махъсымэ. 12. Къутырэн. 13. Мардэ. 16. ЛIыбзу. 18. Дэлэн. 19. Щэращ. 20. Декан. 21. Шыпсэ. 23. Кьаргъэ. 26. Насып. 30. Жармыкlэ. 31. Шыбзыхьуэ. 32. Мыльхуанэ. 33. Бжьэц. 34. Тэрч.

Къехьу: 2. Рассказ. 3. Кьалэм. 4. Адлер. 5. Пщыкъуэ. 7. Сосрыкъуэ. 8. Къамэ. 10. Сонэ. 14. Нысэлъхьэ. 15. Къэрабгъэ. 17. Уащхьэ. 18. Дудакъ. 22. «Сэрмахуэ». 24. Абаззхэ. 25. Бжэн. 26. Нэхьыжь. 27. Сэшхуэ. 28. Пшынэ. 29. Лэгъуп.

● Псалъэжьхэр

Мыущий ущиикIэкIэ Iэзэщ

■ **И псалъэм бгым ущигъэжьнщ.**

■ **Къэрабгъэм пабжьр зыгъэхъеи псори дыгъжьфIощI.**

■ **Мыущий ущиикIэкIэ Iэзэщ.**

■ **Псыпщэ къамылу дожей.**

■ **Пхъэдакъжьым уепсалъэкIэ, зэхищIыкIын?**

■ **Убзэ зи хабзэм псалъэ и куэдщи, щхьэхьэнэм щхьэуэсыгъуэ и куэдщ.**

■ **Унэм щыпылщ, уэрамым щыджьэдущ.**

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Джэдыкlэжьапхъэ, бжьын, бжьыныху, щыбжий сыр щIэгъэжьыхьауэ

Тхъу къэпльам бжьын упщIэта, бжьыныху хальхьэри, зэIащIэуэ ягъэлыбжьэ. Тхъуэпль хьуу зэрыкуэкьеиьуу, тыкыыр щIыIуурэ упщIэта щыбжий сыр хальхьэри, зэIащIэуэ ягъажьэ. ЗэрызэIащIэм хуэдэурэ, щыIуу зыхэта джэдыкIэ удар щакIэри, лъэныкьуэтIымкIи зэрагъэдзэкIыуурэ, къэзыр, тхъуэпль дахэ хьуху, ягъажьэ.

Ыхьэуурэ зэпаущIри, Iэнэм пщтыру трагъэувэ. Дашх пIастэ хуабэ, щыкхьэ.

Хальхьэхэр (щыхуит Iыхьэ): тхъууэ - г 100, бжьыныщхъэ укъэбзауэ - г 50, бжьныкьуэ укъэбзауэ - г 15, щыбжийуэ - г 2, джэдыкIэу - 4, щыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Бжэнышэрэ шэ хуабэрэ

Адыгэхэм бжэныларбегъымбар шхыну ябжьыр, абы и фэри нэмэллыкь ящIу щытащ. Бжэнышэ тхъэжжагъащIэр хывышъм е бжэнышэм хальхьэри, мафIэ цIыкIум трагъэувэ, зэIащIэуурэ дакьикъэ зыгъэхукIэ кьыстрагъэкъуалIэ. ИтIанэ ягъэтхьыжри, и хуабагъэр градус 30 - 35-рэ хъуху ягъэупщIыу. Шэ хуабэр шха нэужь трафыхьыжу араща.

Мы хущхъуэгъэгъэр щызрахьэлIэм и деж ерыскъы пщтырыщи щIыIэ дыди ящынэ ефэнэ хуейкъым. Мыр нэхъ зи хущхъуэгъуэу ябжьр зи бгъэм щIыIэ хьыхьаХэмрэ жьэн уэ зиIэжэмрэщ. Сымаджэм тэмэму зрихьэлIэмэ, мазитI-мазищым хьужьи хуейщ.

Хальхьэхэр: бжьнышэу е хывышэу - г 1000, бжьныщ гъэвжжауэ - г 200.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылым къытхьижащ.

Напэжьыгъуэ зыгъэхьэзырар щIхьэщэмышI Иззщ.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хъэфыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Гъущlо Зариф, Истэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжькьыкарэ Алик.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, егъуанэ - епщIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэщапи Iэхэм ядзэжьымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щысмохэмкIэ - 42-22-88; щэнхабзэмкIэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерIем - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапи Iэм - 42-26-41; суэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхьэщ.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынщи я пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щIыжмкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм щыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэр: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къанщокъуэ Эллэ, редактору Щхьэщэмыщ Иззэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Щоджэн Инэ** *(1, 2, 4-нэ нап.),* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Цалий Марьят. *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щIащ* Мэлбахьуэ Анжедгъэ ГъуэкIэ! Раерэ,** *суэтехэм елэжьар* **Бицу Жанетэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 9.233 ●Заказ №385